

Sefa yemunhu anofunga

Jeffersonville, Indiana USA

65-0822E

1 Ngatinamatei. O Mwari, zvirokwazvo ndicho chishuwo chemoyo yedu manheru ano, kungotenda chete. Sezvatakaungana pano manheru ano mutabhenakeri, zuva richinyura kumadokero, tinonamata, Mwari Anodikanwa, kuti Muchaita kuti tizive kuti kuva pedyo kwakadii kuti zuva renguva rinonyurawo sei; nguva iri kupera. Zuva raenda kure. Uye tinorangarira imwe nguva zuva parakanga raenda kure, vafambi vaviri vakaKudaizai kuti Muuye Mugare navo. Zvino MakaZvizivisa kwavari nekutsanangura Shoko ReNyu nekuvaita kuti vaone kuti izvo ... Kristu Anofanira kutanga Atamburira zvinhu izvi zvose.

Naizvozvo tinonamata, Mwari, zuva rafamba kudai kuti Mupinde mudzimba dzedu, Mugogara nesu, uye Mutitsanangurire Shoko, Ishe, Ratinobata nyenyasha sepfuma inobva kwamuri, chipo mumoyo medu. Ngatisambofa takachinyenyeredza; dai tagara tichichikudza nemoyo yedu yose.

TinoKutendai nezvaMaitira avo vari muchipatara mangwanani ano, nezvaMaitira kakomana keHama Capps kanga kave kuda kufa; zvino heunoi muungano manheru ano. TinoKutendai sei, Baba, nokuda kwezvinhu zvose izvi.

Tipei, Ishe, kuti tizive kuti tinofanira kuKurumbidzai sei. Tinongo.... Zvinopfuurira kunzwisisa kwedu kuziva nzira yokuKurumbidzai nayo. Asi, Ishe, gamuchirai moyo yedu sezviratidzo zvekuvonga, kuti tinoKudai. Uye isu tinoda kuita zvakarurama; tiratidzei zvekuita. Tinokumbira muZita RaJesu. Ameni. Garai pasi.

2 Manheru akanaka kukereke iyi ine vanhu vakawanda manheru ano uye nemunyika yose panhare. Vanoti vari pasaisai renhare zvakare manheru ano.

Ndinovimba mudzimai wangu ari kuteerera. Handina kumufonera, naizvozvo ndichamufonera mushure mesevhisi ino.

Uye tine chiziviso pano chokuti mangwanani ano baba veHama Jackson vaiva muchinhano chokaoma, kuti paita kuvandudzwa kukuru kwaitika, vanogona kudzoka kumba mangwana.

Mukomana mudiki weHama Capps, wavakandidaidzira humwe usiku (handizivi kuti Hama Capps vari muungano here kana kuti kwete, asi...) kakomana kavo kairwara zvakananyanya. Zvino zvakanogitika kuti ini naJoseph takanga tiri kunzvimbo yokudzidzira kupfura ndichigadzirira pfuti yangu duku .22. Ndakakuudzai zvose pamusoro pazvo svondo rapfuura. Uye achanyatsoita nyanzvi chaiyo pakupfura nepfuti. Naizvozvo aida kuti ndive nechokwadi chokuti ndaudza Gary naLarry zvaakaita.

Zvino akandiudza todzoka, ndikati, "Unofanira kumbomira nepano unoudza Hama Gene Norman nezvazvo."

Akati, "Mirai kutanga muudze Billy (mukoma wake)." Mushure mekunge amuratidza mapfure akanaka aakaita, akati, "Zvino, chirega kuita nanga-nanga neni," maona.

3 Uye patakangosvika ikoko, hongu 'ka, nhare yakarira, uye Billy ndokumhanyira kundonzwa kuti aiva ani.... Ndikati, "Zvichida inhare irikuda kutaura zvoorwere zvino." Uye takanga tichangobva kupinda, uye vaiva Hama Capps. Uye kakomana kaduku kakanga kaita dambudziko romudumbu rakaipisisa, uye pachingova nakamukana kaduku kokurarama. Uye Ishe Akamupodza. Uye humwe husiku vakati akanga achinetseka neimwe mhandu yamarwadzo, Mai Wood vaindiudza kudaro. Takanga toenda tichimhanya-mhanya, uye ndakango ... Ndikati, "Mai Wood, kwadooka zvino, dzava 10:00, ndinokahadzika kana vachizonditendera muchiptara." Ndikati, "Ndava kukwidza ndiende kumba ndongonovhara mukova." Uye ndakaenda ndokunamata, uye vanondiudza kuti mukomana muduku uyu ari muungano manheru ano. Naizvozvo tinotenda nokuda kwazvo. Uye tinotenda zvikuru.

Iye zvino, takangobatirira, hapana chatati tanzwa.... Kana Hama Leo Mercier neHanzvadzi Mercier vari kuteerera kuno, hatisati tanzwa kubva kuna baba venyu. Tinotaririra kunzwa munguva shomanani, kuti vari kunzwa sei. Asi ndinenge ndine chokwadi chokuti vachaita zvakanaka, naizvozvo tiri kuvimba pane izvozvo kuna Mwari Samasimba, kuti Mwari vachachengetedza uyo murume mutana, anodikanwa, akarurama-mushumiri mhare yakare yeEvhangeri.

4 Zvino, haiwa, pane zvinhu zvakanwanda zvinoda kuitwa uye munguva shomanani yokuzviita, naizvozvo ngatiisei kushingaira kwedu kwese zvino pane zvatingagona kuitira Ishe Wedu

Ndati kurumidzei kuuya, uye ndanga ndisiri kunyatsonzwa zvakanyatsonaka. Ndakaneta, kunyatsoneta, zvino ndavata pasi masikati ano. Handisati ndatombodya kudya kwemanheru. Naizvozvo ndapinda, ndokungorara masikati ose; hazvina kunditira zvakanaka, naizvozvo ndokurara ipapo. Zvino ndokubva ndatanga kunamata; uye ndanzwa zviru nani, ndokumuka, ndokupfeka mbatya dzangu, ndokuuya kukereke.

Naizvozvo tiri kuvimba naShe Jesu zvino kuti Acharopafadza kushingaira kwedu pamwe chete

manheru ano apo munyika yose tiri kuedza kubatana nechikamu chino cheMutumbi WaKristu chandakapiwa kodzero dzekupa chikafu kumakwai aKe. Uye ndichangoita sokukwanisa kwangu kwese kwezivo yangu, mukupa chikafu chakanaka chandinoziva chemakwai. Uye ndakanyatsomirira nguva iyo apo tichakwanisa tose kuungana panzvimbo imwe chete zvino ndoparidza pamusoro peaya matenda manomwe, nendiro dzehasha nomwe, nehvamanda, nezvimwe zvakadaro. Zvose zvinoitika pamwechete. Ndicho chikonzero zvichatitorera zvichida vhiki, mazuva gumi kana kudarika, kuti tizvipedze mumusangano mumwe chete, kana tikakwanisa. Ndinofunga kuti inguva inokwana kwazvo.

5 Zvino, vazhinji venyu muchafamba kuenda kure; ndatarira kunze kuno, uye ndacherechedza kanguva kapfuura hama dziri kuTucson. Mai Sothman, ndinoona Hama Fred vasvika zvakanaka. Ndavaona muungano mamngwanani anhasi. Uye imomo, ndinofunga kuti ndiHama Don Rudell vagere iapapo padivi pavo kumashure uko manheru ano. Ndinofara kukuonai muno Hama Don. Uye Junior, Junior ari pano, kana kuti ari kukereke kwake? Ndinofunga vari pamhepo vachishandisa nhare kukereke manheru ano. Naizvozvo imi hama mose, tinofara zvikuru kuti muri pano nesu manheru ano, ndichivimba munaShe kuti rimwe rezuva kana nguva yohupenyu ichinge yapera uye kacchiedza kedu kohupenyu hunofa kotanga kuderera nokudzima, hatizoty chakaipa; nokuti munzira yose...

6 Oo, ndachangwana uchapupu hwenyu imi muri kumusoro kuArizona, kumusoro kuPrescott. Hama Coggins vabuditswa muchipatara. Naizvozvo tinotenda zvikuru nokuda kwaizvozvo. Zvakaisvooonaka. Zvakanaka. Naizvozvo tinotenda zvikuru nokuda kwaizvozvo. Hanzvadzi Mercier, baba vavo vari kupora zvino. Ndakangonzwa mushure mekunge tanamata kuti vachaita zvakanaka. Vanogona kunge vari pasaisai; Ndinovimba varipo; Ndinofunga varipo. Naizvozvo tinotenda zvikuru nokuda kwaizvozvo, kuti hama yedu yapora zvino uye ichaita zvakanaka.

Naizvozvo tinotenda Ishe nokuda kwezvinhu zvose izvi.

Ndakanga ndiine chikumbiro manheru apfuura, hama inodiwa pano.... Ndinofunga ingave isiri nesu nhasi. Imwe hama inobva zasi kuKentucky yakandifonera pamusoro pomwanasikana wayo—mhuri yakanaka. Uye musikana achavhiyiwa.... Mai vechidiki vane gomarara kumusana. Tinonamata kuti Mwari Asunungure mudzimai wechidiki uyu. Ndinotenda kuti Achazviita, kana tikango.... ungoro, isu tose pamwe chete, tikabatana nokunamatira vanhu ava, tose pamwe chete. Ndizvo zvatinofanira kuita sechinhu chimwe chete.

7 Uye sezvo mazuva achiswedera nokuswedera, uye nzira ichiwedzera kuita nhete, tinoda kuswedera pamwe chete. Ini zvangu, tinofanira kuva vamwe... mutumbi mumwe chete. Tinofanira kufamba pamwe chete, tichikanganwira zvitadzo zveumwe wedu uye nekutsaukana kwedu, tichingoramba tichiswedera pedyo uye tichiswedera pedyo zvikuru sezvatinooona zuva iro richiswedera, tichitungana pamwe chete, zvose nehume uye nemoyo umwe. Uye kana hama, kana hanzvadzi ikatsauka neimwe nzira, musaita chinhu kunze kwekunamatira munhu iyeye uye murudo muchirangarirana nguva dzose. Musamborega mumwe wenyu achitsauka. Garai pamwe chete. Uye kana muchikwanisa, wedzerai zvimwe kwazviri nguva dzose.

8 Hama Neville, ndine chikumbiro chenye pano pamusoro peHama Wright, Hama George Wright vagere pano. Tinofara Hama Wright neHanzvadzi Wright pano.... Edith muduku.... Rimwe zuva patinouya, tinoda kuva neshumiro yechirangaridzo pano. Handina kudzoka kuna Edith uye paakaenda; asi, Hanzvadzi Wright, munorangarira hope dzavakarota makore mashoma apfuura. Uye ndakakuudza ipapo, ndakati i.... Edith mudiki haachagari nesu nguva refu zvino, nokuti Ishe Akanga Amuudza kare kuti akanga.... Nemuhope idzodzo dzaakarota. Uye ndakawana dudziro yazvo yaiva yokuti akanga achizosangana naMwari. Anenge makore maviri gare gare akaenda kunosangana naMwari, zvino akamirira baba vake, naamai kuti vayambuke mutsara unoparadzanisa pakati pekufa nekusafa. Mwari Akuropafadzei! Ndinoda kuedza kukuonai kamwe kamwe kana ndichikwanisa. Naizvozvo Mwari ave nemi.

Uye Shelby nevamwe vose.... Ndafunga kuti ndaona Shelby mangwanani ano; Ndanga ndisina chokwadi. Haunyatsoona zvakananyanya kumusoro kuno; chiruvi chedenga chakadzika sezvizvi, uye chinovheneka mwenje saizvozvo. Unogona kuona mavara, asi haugone kuona vanhu zvakanaka.

9 Zvino, tichinanga mumharidzo. Iyi imharidzo yandinoda kuverenga kubva muna Numeri 19:9 naVaEfeso 5:26. Uye kana imi vanhu vanonyora zvinyorwa zvechidzidzo nezvimwe zvakadaro, hongu 'ka, mungazvinyora pasi.

Uye zvino rangarirai, kana izvi zviri kutepwa (handizivi; hapana munhu wandinoona. Hongu, ndinoona, ndiri kuona Hama Terry vari muimba yekurekodha.).... Uye kana zviri kutepwa, kuvashumiri chero kupi zvako, chero nguva, izvi hazvina kunangana nekuzvidza dzidziso dzenyu; izvi hazvina kutomboitirwa kumakwai enyu. Mharidzo iyi nedzimwe mharidzo dzandinotaura padziri dzakanangana neungano yangu. Hazvisi zveungano yenyu kunze kwekunge vachida kuzvigamuchira, asi zvakanangana nevanhu vari pano.

Vanhu vanotenga matepi aya. Vanhu pasi rese vanoatenga nekuaridza. Nguva zhinji vanonyorera

kuno, uye ndinogara ndichitaura kwavari kana vari nhengo yeimwe kereke, "Onai mufundisi wenyu."

10 Zvino, mufundisi, ndinoda kuti muzive kuti, izvi ndezveungano yangu chikonzero ndichitaura zvinhu izvi. Uye ndine kodzero yokuzviita, nokuti ndakaiswa noMweya Mutsvene kuti nditarise makwai aya. Uye ndine nhamo kana ndikasavaudza zvandinofunga kuti ichokwadi, uye zvandinofunga kuti ndizvo zvazvinotora. Asi hazvisi zvenyika kana mamwe makereke ose. Iwe unoita chero zvawaudzwa naMwari kuti uite. Handigoni kukupindurirai; nemi hamugoni kundipindurira; asi mumwe nomumwe wedu anofanira kuzvidavirira pamberi paMwari nokuda kwoushumiri hwedu. Nokudaro, kana ndichifanira kuzvidavirira pamusoro peshumiro yangu, ndinofanira kuiparidza nenzira yandinovionera nayo, uye nenzira yandichazarurirwa nayo. Naizvozvo ngazvizikanwe zvino.

11 Zvino, muna Numeri 19:9 tinoda kuverenga chidzidzo ivhi ... kana kuti Gwaro iRi ndingadaro:

Zvino murume acheneswa anofanira kuunganidza madota etsiru, ndokuaisa kunze kwemusasa panzvimbo yakanaka, uye achachengeterwa ungoro [Cherechedzai zvino] kuitira ungoro yevana vaIsraeri nokuda kwemvura yokunatsa; kunatswa kwechivi.

Cherechedzai, kwete kumunhu wose, kuungano yevana vaIsraeri, mvura dzepatsanuro. Zvino, muna VaEfeso chitsauko chechishanu uye kutanga nendima yemakumi maviri nembiri.

Madzimai, zviisei pasi pavarume venyu, sezvamunoita kunaShe.

Nokuti murume musoro womudzimai, saKristuwo musoro wekereke: NdiYe Muponesi womutumbi.

Naizvozvo kereke sezvairi pasi paKristu, saizvozvowo madzimai kuvarume vavo pazvinhu zvose.

Varume, idai madzimai enyu, Kristu sezvaAkadawo kereke, Akazvipa nokuda kwayo;

[Zvino, hezvino zvandiri kuda kutaura.] Kuti Aiite tsvene nokuinatsa nokuishambidza kwemvura neshoko;

12 Zvino, chidzidzo chidiki ichi manheru ano, kana ndikachidaidza kuti chidzidzo... Uye ndinovimba kuti vanhu pano nevari kunze pasaisai renhare havazozvidzi izvi uye vachifunga kuti zvinorehwa nenzira yekunyomba, kunyangwe kutora chidzidzo chakadai, chinonzwika sechinovidza. Chidzidzo chandiri kushandisa manheru ano chinoti Sefa Yemunhu Anofunga. Izvi zvinonzwika sezvingapfuurira mwero pachidzidzo chemushumiri anopikisa kuputa fodya, angatora chinyorwa chakadaro: Sefa yeMunhu Anofunga.

Zvakazoitika kuti mamwe mangwanani pandakaenda kunovhima tsindi, kuti... Imi vanhu vari paredhiyo... pamhepo... Kana kuti vari pasaisai renhare mungadai maona zvaita chiso cheungano pandazivisa chidzidzo changu, mungadai masetswa nazvo: Sefa Yemunhu Anofunga.

13 Hongu, zvakaitika apo vatumwa vaShe vakazviratidza kwandiri mamwe mangwanani, uye tsindi dzikataurwa kuti dzivepo. Imi mose munorangarira pazvakaitika. Uyezve pamusoro pechikomo chandakanga ndimire ndisati ndaparidza mazera manomwe emakereke, ndichienda kunovhima mamwe mangwanani kusati kwaedza, pakamira.... Ndakafunga kuti zuva rakanga richibuda, dzinenge 4 kiroko mangwanani. Zvisina kujairika... Ndakaona chiedza chiya, ndikacheuka, ndikaona pakamira zvigadziko zvemwenje zvendarama zvinomwe, zvakamira pamusoro pechikomo, zvakaita somuraraungu uchikwira nepapombi uchipa chiedza.

Pakarepo shure kwaizvozvo, Ishe Jesu Akazviratidza kwatiri, uye pakarepo ndakanzwa inzwi richiti, "Jehovha WeTestamente Yekare NdiJesu WeItsva." Uye ipapo Akazozarurwa mushure menguva mushure mezvigadziko zvemwenje zvendarama zvinomwe. Zvino cherechedza izvozvo. Vangani vanorangarira chidzidzo ichi? Ndakachinyora kuseri kwebhokisi remambumburi randakanga ndinaro muhomwe yangu, "Jehovha WeTestamente Yekare NdiJesu WeItsva." Mwari Ari kudenga Anoziva kuti chaiva chokwadi.

14 Pandakayambuka nzvimbo iya paAkazozviratidza kwandiri nguva pfupi gare gare pamusoro petsindi....

Zvino pandakabata shamwari yangu yakanaka Jack Moore mwedzi mishoma yakatevera kuti ndibvunze, pandakatanga kuparidza mazera manomwe emakereke, Zvakazarurwa 1.... Uye Akanga Akamira, Akachena kwose kwose; Bvudzi raKe rakanga rakaita sadonje. Aizogona seiko, zvaAiva wamakore makumi matatu namatatu okuberekwa, uye musoro wava muchena kwose kwose? Uye Hama Moore, murume akanaka kwazvo, ane tsika, MuKristu, uye mudzidzi—mumwe wevakanakisisa vandinoziva—uye vakati, "Hama Branham, Aiva Jesu mukubwinya kwaKe. Ndiwo maratidzikiro aKe ikozvino."

Asi izvozvo hazvina kunyatsondigutsa. Uye ndakaramba ndichinamata kusvikira rimwe zuva ndisati ndatanga mazera manomwe emakereke.... Handina kunyatsogona kujekesa chitsauko chokutanga ichocho. Ko munhu ane makore makumi matatu nematatu okuberekwa, akamuka mumutumbi mumwe chete.... Vaapostora vakaMuziva, vachiMuziva kuti Aiva.... Uye Aigona sei kusvika kumusoro ikoko, zvichida Ava nemakore makumi masere kana makumi mapfumbamwe ekuberekwa Aine donje guru jena

pachiso chaKe, uye ndebvu dzaKe dzakachena sechando?

15 Ndaiverenga mubhuku raDanieri, paakauya kuMutana WaMazera, Webvudzi rakanga rakachena sedonje. Ipapo ndakaona kuti Mutana WaMazera uYu; Aive Mutana WaMazera, Asingashanduki zuro, nhasi, uye nekusingaperi. Ndakaona waive mufananidzo. Naizvozvo nemhaka yei donje jena? Uye ipapo Mweya Mutsvene Akaiita sekutaura neni nezve pikicha yandakaona imwe nguva yemutongi wedare wekare. Ipapo ndakadzokera kunhoroondo; Ndakadzokera kunhoroondo yeBhaibheri nazvose kuti ndizive. Uye vatongi vekare somupristi mukuru pakati pavaIsraeri, aifanirwa kuve nebvudzi nendebvu chena, zvakachena zvichiita sedonje, nekuti zvichena pamusoro wake zvairatidza kuti aive nesimba guru revatongi muIsraeri. Uye kunyangwe nhasi uye kusvika makore mazana mashoma apfuura-zvichida mazana akati kuti emakore apfuura kana kuti zvichida zvisina kuita saizvozvo, angava manje manje kupinda izvozvo-nevatongi vose veChirungu, zvisinei nekuti vaive vadiki sei, kana vaipinda kuzotonga, vaipfeka nguo yomumusoro chena kuratidza kuti hakuchina rimwe simba muhumambo ihwohwo raidarika shoko ravo. Shoko ravo ndiyo mhedziso yeHumambo. Zvavanotaura, ndizvo mhedziso.

Zvino, ndakaona kuti Wakange Amire ipapo, asi Achiva murume wechidiki, asi Aine nguo chena yomumusoro. Aive iYe huzaro, hwemasimba makuru; Aive Shoko. Uye Akapfeka nguo chena yomumusoro.

16 Zvino gare gare patakapedza uye-mharidzo-ndokuenda kumadokero, uye vatumba vaShe vachionekwa kunze uko kuitira zvisimbiso zvinomwe, uye vakakwira mudenga (nemufananidzo wayo pano watiinawo uye kutenderera pasi rino renyika rose), ipapo Aiva Amirepo Achiine nguo yesimba guru. NdiYe Musoro weKereke. Iye musoro wemutumbi. Hapana chakafanana naYe chero kupi. Akazvisikira zvinhu zvese pachaKe; Akazvisikira zvinhu zvese kuitira iYe pachaKe; pasina iYe hakuna chaizosikwa. NdiYe masimba ese ari kumatenga nepasi, uye zvese ndezvaKe. Uye maAri Munogara kuzara kwehuMwari mumutumbi. Uye Shoko Rakanga RiRi Mwari uye Rakaitwa nyama pakati pedu, uye NdiYe Akazarura zvakavanzika zvese zvehurongwa hwese hweruponeso hwakataurwa nezvahwo navaporofita vese nevarume vouchenjeri. Iye Ega NdiYe Aive nenguu yomumusoro nesimba guru.

17 Zvino, ini ndakanga ndamira pachikomo mamwe mangwanani; zvaitaridzika sekuita paive netsindi dzaifura neipapo. Uye ndakatanga kugara pasi. Uye ini ndakanga ndangove ipapo kwechinguvana pakauya mumwe muchinda mukuru kwazvo aive nezvipfuti remipong'oro miviri akauya achibuda kubva mumakwenzi ipapo, uye zvakada kundivhundutsa. Ndakaenderera mberi, ndokugara pasi nokuchimbidza. Ndakatyia kufamba, ndichitya kuti aizondipfura-nekuda kwemakwenzi aifamba-naizvozvo ndakaramba ndigere ipapo.

Tsindi yakamhanya nepamusoro pechikomo, uye akaisa mbumburi mumipong'oro yose yaaive nayo naizvozvo Akaiipotsa. Uyewozve tsindi yakaburukira mhiri kwechikomo, uye ndakafunga, "Zvino, ndichatiza, ruzha rweze rwuchiungira. Pfuti yake haichisina mbumburi." Uye ini ndakatanga kudzika chikomo, uye muchinda uyu akapfura pamberi pangu chaipo. Zvakandizosera kumashure nenzira iyi, uye ndakatanga kufamba ndichidzika neimwe nzira, uye pfuti ye.22 yakarira. Uye mbumburi dzichimveya nepamusoro pangu; Ndakati, "Hongu 'ka, ndapinda pakamanikana."

18 Naizvozvo ndakatendeuka ndokudzika nerwizi, ndikafunga kuti, "Ndichaenda kuno uku ndichihwanda kusvikira vapedza kuti ndigobuda." Uye munzira yekudzika, ndakaita sendinokwezvwa Ndakakwezvekana kuti nditarise kurudyi kwangu, uye pandakatarisa, paiva nepakiti yefodya isina chinhu yakanga yakandirwa pasi noumwe wavo mukumhanyidzana kwose kwe.... tsindi zvadzakanga dzichipfuura nemumakwenzi.

Uye ndakanhonga pakiti yefodya uye ndaitarira.... handina kumbobvira ndainhonga-mundiregere. Ndakatarisa pasi pairi. Handina kuinhonga, nekuti ini handifarire kunhuhwa kwezvinhu izvozvo. Uye ndakatarisa pasi ipapo, uye ndeimwe kambani yefodya iyo yandinofunga kuti handifanire kudaidza zita rayo, asi muchaiziva. Yakataura ipapo, "Sefa yemunhu anofunga uye kuravira kwemunhu anoputa." Ndakatarisa chinhu ichocho, uye ndakafunga kuti, "Sefa yemunhu anofunga!" Ndakafunga kuti, "Dai munhu uyu achigona kufunga zvachose, aisazoputa zvachose. Ingagova sei 'sefa yemunhu anofunga'? Munhu anofunga haangaputi zvachose." Zvakanaka.

19 Zvino, ndakafunga, "Izvi zvinonyengera sei." Zvino, kuti makambani efodya anofanirwa kuve eAmerica. Uye haiwa, dai tairarama maererano nebumbiro redu, tingave tichishanda kuti tibatsirane, kana tichinzwirana. Uye unyengeri hwakadii... Chikonzero chandisina kudoma zita rekambani, ndine zvimwe zvinhu zvakaipa pamusoro pavo. Uye munhu angava nohunyenyeri hwakaitasei kuti agoita mari?

Munhu anofunga haaputi zvachose, asi mhuri yeAmerican inozvigashira sei. Vanofunga kuti zvakanakisa.

Zvino, tarisai, haugone, haugone-bvunza chero munhu, masayendisiti sezvaunoda - iwe haugone kuve neutsi usina tara. Kana paine kanoti n'ape keutsi kanopwiritika, itara. Uye kana iwe usingawani chero utsi, ichokwadi, haungawane chero tara; Uye hauwane chero chinhu. Uri kungokwevana nechimuti chakaoma. Asi chero bedzi iwe uchiwana utsi zvachose, iwe uri kuzvikwevera gomarara-nikotini.

20 Dai maiva neni gore rapfuura ... kana kuti rakapera museri, ndinotenda kuti ndiro, paWorld's Fair, apo Yul Brynner nevamwe vose vaive kumusoro ikoko mukuratidzira munovaona vachitora mudzanga iwoyo, voisa chimwe chinhu mauri, voukweva nepaparera. Uye chiremba iyeye aitora bhandiji, rakakwizirwa ipapo kuti ritore nikotini kubva ipapo, ndokuiisa kumusana kwegonzo jena, ndokuriisa muchizarira. Uye mushure memazuva manomwe ega ega vairibiditsa. Uye gonzo rakanga razara negomarara zvokuti rakanga risisagoni kufamba nokuda kwenikotini yabva mumudzanga umwe chete.

Zvino akati, "Munoziva, vanotaura kuti unoiwana nepasefa." Akati, "Haugoni kuva nesefa.... Chero sefa ingasefa nikotini, inosefawo neutsi," vakati, "nekuti unofanira kuve noutsu ... kuve netara kuti pagadzirwe utsi, uye tara ndiyo inokonzera gomarara."

Uyewo akaenda, ndokuikweva nemumvura uye ndokuti, "Dzimwe nguva ungafunga kuti ungagona kuisefa." Ndokuti, "Nguva dzose dzauno.... Zvisinei nepawaikwevera...." Ndokuti, "Vanoti, 'Handiifemi,' uye voiisa mumuromo voipfira." Zvino akaitora ndokuiputunura, ndokuiisa pasi pechimwe chinhu ipapo, ndokuratidza kuti raingova gomarara. Zvakanaka, unongorimedza, maona. Uye zvisinei nezvaungaita, rwunongova rufu, maona.

21 Uyewozve kuzozvifunga kuti kambani inganyengera munhu zvakanakwana kana kuedza kunyengera vanhu vayo! Zvakafanana negora riri kurarama nevari varo. Vachigadzira mari, vachitengesera nyika rufu, uye kumajaya uye voenda kunze uko kuhondo vondovafira, mushure mezvo votengesera chinhu chakadaro pasi pokunyengera—"Sefa yemunhu anofunga, asi kuravira kwemunhu anoputa." Unofanira kuva noutsu kuti uravidze. Kuravira kwemunhu anoputa.

Vanhu vanoozvigamuchira sei. Vanoitenga. Zvino, zvinoitirwa kuti unyengereke zvizhinji. Maona, ndezva dhiyabhorosi. Havana hanya nohupenyu hwako. Havakunzwiri zvachose. Vanokutengesera zvinhu zvakadaro kuti vangokuona uchifa, chero ivo vachiwana mari.

22 Sezviri zvevatongerwo nehondo. Handitendi muhondo. Handitendi kuti taitombofanirwa kunge takava nehondo. Ndinotenda muhumambo hukuru huri kuunzwa naMwari, kubudirira kukuru ikoko kunozounzwa pasi pohutongi hwaKe hukuru, hakuzombofi kwakazova nehondo. Ndudzi hadzizosimudzirane mapfumo. Dzose dzichava norugare, rugare rwezienda-nakuenda.

Naizvozvo mhando iyi yokubudirira inounza hondo, uye sezvatinowedzera kubudirira tinopinda pasi peizvi, ndiko kuwedzera kwehondo dzatinova nadzo. Mumwe akaedza kubudirira kudarika mumwe, ndikowo kuwanda kwehondo dzinokonzerwa nekubudirira, maona.

Uye muzvitarire pasi pebudiriro iyi, kuti munhu ungabuditsa chinhu chakafanana naichocho. Uye zvega zvachinokonzeresa, zvinongokunyengedza kuti utenge midzanga yakawanda. Nekuti kana munhu achiputa fodya... Uye ndinotenda kuti ndeya dhiyabhorosi, uye idhimoni renkotini riri mumurume kana mudzimai. Uye kana mudzanga mumwe chete waizogona kugutsa dhimoni renikotini iroro kusvikira rakusiya nokurega kukushusha-nekuda kwemudzanga mumwe chete- uye watora sefa, inotendera chikamu chimwe chete kubva muzvitarire zveutsi ihwohwo, zvino ... kana kuti chikamu chimwe chete kubva muzvitarire zvenikotini iyoyo, zvino zvichatora midzanga mitatu kuti zvizadzise mumwe chete iwoyo, uye uchaputa mmitatu kuti uzadzise mumwe chete.

Munoona, anongova mano, hunyengeri, mano okuedza kutengesera midzanga. Vanogona kutengesera mizhinji nenzira iyoyo kudarika pachinzvimbo chokurega munhu achiputa dhirihora mupaipi kana mumudzanga wake. Zvino, munoona, ndeya dhiyabhorosi.

23 Pandakamira ndichichitarisa ndichifunga pamusoro ppokunyengedza kwacho, mubvunzo wakauya kwandiri ndokubva ndachonjomara, ndokutarisa pakiti iyi zvakare, uye zvakaita sekuti chimwe chinhu chakataura kwandiri kuti, "Asi chitaurwa ichi chinoreva kwazvo: 'Sefa yemunhu anofunga, kuravira kwemunhu anoputa.'" Zvakandijekerawo kuti hunyengeri uhwu zvakare huri muchiyero chepanyama imomo mufodya, ndechimwe chinhu munzira yemakereke nhasi (maona), hunyengeri.

Hwakauya kudakara nyika yose yakava hunyengeri hukuru hwezvaita chokwadi chaicho nezvakarurama. Munoona, kunyangwe zvevatongerwo nezve magariro, muzvikoro, munazvose, hunova hunyengeri.

24 Mujaya wechidiki aindiudza nerimwe rezuva kuti akanga aenda zasi kumusasa hwemauto, uye mumwe musoja wechidiki akatsikwa nechigwagwagwa; mapapu ake, dumbu rake, chero zvazvaiva, zvakatuumburwa. Uye vakaenda kuchipatara; vaive nemachiremba matatu kana mana amire ipapo mumutsara, uye munhu wose amire mumutsara. Uye masoja maviri kana mana akabatirana mumwe wavo, uye iye aisatombogona kufema.... Nguva nenguva yaaifema, mbabvu iyoyo yaibaya mapapu ake, uye zvaiita kuti ajujire ropa mukati. Uye vakarega mujaya iyeye akamira ipapo mumutsara iwoyo, kumashuresa kwekumashure kwomutsara vachitrega vamwe vevanhu ava vaisarwara kusiya kwenzeve inorwadza kana chimwe chakadaro vachiienda mberi.

Uye panguva yakasvika mberi, mumwe kenero akauya ipapo nekamwana kaiva netwuppundu ...

kakomana kkana kasikana kake kaive netwupundu muruoko. Uye vakamisa kufamba kwemutsara iwoyo kuti vaise mwana wakenero mberi, asi mukomana uyu akatumbuka, achifa. Mazviona 'ka.

Haiwa, dai kenero iyeye aive nekunzwira chaiko kuhama yake yaiva kunze uko mumutsara, angadai akati, "Mwana uyi anogona kumbomira; torai murume uyo auye mberi kuno nokukurumidza; muitirei chimwe chinhu."

25 Asi munhu wega wega anoda kuratidza simba rake. Zvino havasi vose vakadaro. Kwete, havasi vose vakkadaro. Asi variko vazhinji vakadaro. Asi murume uyu, chinhu chega chaaifunga nezvacho aiva mwana wake mukomana mudiki aive netwupundu paruoko, uye asingafungi nezvemukomana uya anonzwisa hurombo amire ipapo apwanywa nechigwagwagwa-chigwagwagwa ichocho uye zvichida mukomana mumwe chete aizoponesa hupenyu hwake rimwe rezuva kuhondo. Munoono, havambomirewo kuti vazvifunge, vane chindini. "Sefa yemunhu anofunga."

Ndakachitarisa, uye ndikazvifunga, "Zvakkada kuita seizvi, iwo masangano nhasi, makereke atinawo." Imwe neimwe yawoo ine sefa yayo; ane mhando yadzo yesefa. Anotendera chero chavangada kuti chipinde uye nezvekusapinza, zvavanosefa zvichipinda nezvinosefwa zvichibuda nemhando yadzo yesefa. Vanongotendedza udzamu hwenyika kuti hupinde hugopa gutsikano kune vasingatendi vari imomo. Vanovagamuchira zvisinei kuti ndivana ani chero vaine mari. Vanovagamuchira zvisinei nezvavari kana vaine mukurumbira. Asi pane chimwe chinhu pamusoro pazvo: haukwani kupinda mukereke yaMwari seizvozvo-kwete sangano zvino-ndinoreva kereke yechokwadi yaMwari.

26 Semakambani efodya anhasi, vanhu vanopinda mumakereke anodanwa saizvozvo kana kuti masangano, vane ravidzo; uye ravidzo iyoyo hunyereketete hwenyika. Uye sangano rega rega rine sefa yaro, uye rinosefera kunze MaKristu ose echokwadi anozoti "Ameni!" paanenge achiparidza, uye osefera mukati vana Jezebheri vakagerwa musoro, vehuso hwakapendwa vari munyika, chero bedzi vaine mukurumbira: "Ngana-ngana anoouya ku ... nyanzvi yebhaiskopu, munhu wechiremera...." Ndiyo mhando yesefa yavanoshandisa. "Sangano redu.... Ngana-ngana, mutungamiriri wenyika, kana kenero, kana mumwe munhu inhengo yesangano redu." Munoono here mhando yesefa yavanoshandisa? Sefa iyoyo, hongu 'ka, ndeye nyika, vanhu venyika.

Vanhu, vanoziva zvavanoda. Naizvozvo kana vachifanira kuwana zvavanoda, zvino vanofanira kuve neimwe mhando yesefa uye udzamu hwakakwana hwekutaura kwenyika hunoseferwa mukati kuti vagutse ravidzo yavo yenyika. "Sefa yemunhu anofunga, ravidzo yomunhu anoputa, kana kuti sefa yenharaunda dzekunamata, uye ravidzo dzomunhu wenyika."

27 Vanoda kuva vanamati. Vanofunga kuti vannoda kuve vanamati, nekuti vane munhu wemukati.

Patakauya kutanga munyika ino, takawana maIndia achinamata zuva nezvakadaro. Nekuda kwei? Munhu. Tikadzokera kumasango makuru eAfrica; tinonowana vagari veko vvachinamata chimwe chinhu. Nei? Vanhu, uye vanofanira kunamata.

Naizvozvo munhu, zvisinei nokuti akawa sei, anoziva kuti pane chimwe chinhu kune imwe nzvimbo, asi ane nyota yenyika yaasingagoni kusefa nesefa chaiyo. Anotofanira kuve nesefa yaakagadzira omene. Mumwe nomumwe achigadzira sefa yake pachake.

Kambani yega yega yefodya inopembedza fodya yayo, zvavanokwanisa kuita: "Sefa chaiyo; iyi ndiyo sefa yepamusoro. Zvose ndezve mberi," nazvose zvakadaro. Voti, "Ravidzo inouya ... kana chimwe chinhu, chinobva mberi mberi." Haiwa, zvingadaro here. "Zvemberi!" Chii chiri seri kwazvo? Zvechokwadi haasi murume unofunga kana mudzimai unofunga. Asi ndizvo zvavanotaura, mukungonyengedza vanhu.

28 Zvino, tinoona nezve zuva redu, kuti vanhu vane nyota. Uye nemhaka yei munhu achiputa fodya? Kugutsa nyota. Mudzimai anoputirei fodya? Kugutsa nyota.

Uyezve kana kereke ichinge yamisikidza boka rezvekunamata, kuti vapinze vanhu mariri, vanofanira kuva neimwe mhando yesefa inopa vanhu ravidzo yavangada. Naizvozvo kana vakasawana ravidzo yavanoda, havachadi fodya iyoyo. Uye kana vasingagoni kuwana ravidzo yavanoda muchinamato, havagamuchiri chinamato chacho. Zvino, zvakanyatso jeka sezvazvingava.

Madzimai aine zvikabudura, bvudzi rakagerwa, huso hwakapendwa, vakapfeka zvinokwezvera, vanozvida izvozv; vanozvida.

Sekutaura kwandaita mangwanani ano mu ... Svondo yapfuura mangwanani pamusoro pevhiri mukati mevhiri, kana kuti munhu muduku wemukati ari mukati memweya, kuti mweya iwoyo unonyatsozodzwa sei naMweya Mutsvene iwo uri kunze pakati pemutumbi nemunhu wemukati. Munozvinzwisisa here mose?

29 Zvino, kuzvindondanisa nekuenderera mberi kwemharidzo Mwari weNyika ino, Vazodziwa Mumazuva Okuguma, kunze uku... chiri pakati... denderedzwa rokutanga ndidzo pfungwa dzomunhu, denderedzwa rechipiri ipfungwa dzomweya: Vavariro-vavariro yomunhu, shuviro, nezvakadaro. Asi mukati mune munhu

womukati. Munhu womukati akafanotemerwa. Naizvozvo vanogona kuzodza mweya uyu kuitira kuti mutumbi wokunze uzviise pasi kumweya. “Asi munhu womukati anotadza, achafa.” Munhu womukati anoramba ari mukusatenda, Shoko RaMwari, unova chikamu chaRo, munhu womukati iyeye nazienda-nakuenda... akagara akadaro, nguva dzose.

Ndinotenda murufu rwezienda-nakuenda, sezvandinotenda kune denga rezienda-mnakuenda, asi kwete gehena rezienda-nakuenda. Hakuna chinhu chinonzi gehena rezienda-nakuenda. Kune rufu rwezienda-nakuenda kuvanhu vari... Vazhinji vavo vanonamata munyika nhasi vakagara vakafa.

Mudzimai anogara mumafaro nebvudzi rake rakagerwa uye akapendwa chiso akafa iye ari mupenyu! Bhaibheri Rakataura kudaro, maona. Munoono, angangove anonamata, asi haana kumboponeswa. Ane kufamba kwekunze. Anogona kuimba mukwaya, kana kutamba muMweya; angataura nendimi uye agova nekuratidzwa kwese kweMweya; asi kusiya kwekunge munhu womukati ari mwanasikana waMwari (maona), aparara zvisinei nezvanoita.

30 Israeri yose yaiva yomweya kunze, vose vakazadzwa nokunaka kwaMwari, uye kuti vairemekedza sei Mwari nezvimwe zvakadaro, asi izvozvo hazvina kushanda. Mukati mavo maisagona kuziva Shoko pachaRo.

Asi kana waberekwa noMweya WaMwari, zvino wava ne... wava mwanakomana waMwari, uye wakagara uri mwanakomana waMwari, uye uchagara uri mwanakomana waMwari. Hapana nzira yekuzvipatsanura, nekuti une hupenyu husingaperi. Uye zienda nakuenda harina kubvira rakava namavambo; uye harizombogumi.

31 Oo, nokuda kwenyasha dzaMwari kuti Atipe kunzwisisa kwezvakavanzika zvikuru zvakadaro. Sokutaura kwakaita Pauro pano zvichienda mberi, munaVaEfeso achitaura nezvemurume nomudzimai, akati, “Ichi chakavanzika,” kuti madzimai anofanira kuva nerukudzo kuvarume vavo sei. Kunyange nzvimbo yechipiri, ndinotenda kuti ndiyo, muBhaibheri rose umo ruremekedzo rwakambotaurwa nezvarwo, akati madzimai... vachiona achiremekedza murume wake—kuremekedza murume wake. Zvino murume anofanira kurarama hupenyu hwakadaro pamberi pomudzimai wake zvokuti mudzimai wake anomuremekedza somwanakomana waMwari. Uye kana akasararama hupenyu hwerudzi irworwo, zvino mudzimai haangamuremekedzi, nokuti anoziva zviru murume. Asi kana murume ari murume anoremekedza—anoremekedza uye akatendeseka nomudzimai wake, uye pamberi pemhuri yake, mubatiri chaiyeiye waMwari—ipapo madzimai, vana, vose vanofanira kuremekedza mushumiri waMwari iyeye noruremekedzo.

32 Tarirai, zvino madzimai, vanoda kuve nevhudzi rakagerwa. Vanoda kupfeka zvikabudura, pendi, huzorwa hwehuso. Neshashiko duku idzi nezvinhu zvanopfeka mazuvano, vanoda kuzviita; asi zvakadaro vanoda kuenda kukereke. Munoono chizoro icho mumweya, kwete mumunhu wemukati, maona.

Anoda kuva MuKristu uye kuitawo zvinhu izvi. Zvino mufundisi vanoti zvakanaka. Zvino kana akati zvakanaka (“Unogona kuva nhengo; zita rako rinogona kunge riri mubhuku rekereke yangu pano; zvakanaka.”), zvino anenge achimupa sefa yake yesangano kuti ienderane nekuravira kwemudzimai wenyika. Anoda nyika; anofarira kuravira kwayo. Naizvozvo ane sefa yake, asi ari kure kuti ave mudzimai anofunga. Asi hezvinoi mazviona. Ndipo pandakawana chidzidzo ichi.

Kwete, haasi mudzimai anofunga. Dai achifunga, aiziva kuti kereke haisi kuzomotonga nezuva rekupedzisira. Kereke iri kumutonga iye zvino nehunhengo hwake, kuvimbika kwake kuwadzano dzaanopinda uye nenharaunda. Vave kumutonga zvino naizvozvo. Asi Mwari Achamutonga nezuva rokupedzisira. Naizvozvo haasi kufunga.

33 Sezvinoita murume ari kuputa. Anoda mudzanga zvikuru kusvikira mano ake okufunga aita chiveve nenikotini. Zvino zvizhuwo zvemudzimai zvakanamupa chiveve kumano ake okufunga kusvikira aita zvinhu izvi zvakaipa pamberi paShe, nokuti anoda kuzviita; zvinogutsa kuravira kwemudzimai wenyika. Naizvozvo anotora sefa yekereke yenyika; opfuura nemairi zvakanaka, pasina chinomunetsa. Zvinoratidza....

Zvino, tinoona ipapo kuti icho ichokwadi. Mufundisi anoti, “Zvakanaka. Hatishore madzimai kuita izvozvo. Zvakanaka; mune chivi chakakwana mazviri.” Zvapfuura nemusefa yake. Zvinoratidza kuti vakapinda nemusefa yedzidzo dzeBhaibheri, uye vakawana kuravira kwedzidzo dzeBhaibheri; uye vaive nekuravira kwedzidzo dzeBhaibheri. Asi zvirokwazvo havana kupinda nemusefa yaMwari. Kwete, changamire!

34 Zvino, kana paine sefa yedzidzo dzeBhaibheri kumunhu wemafungiro edzidzo dzeBhaibheri, panofanira kuve nesefa yekereke yemufungo wemunhu wekereke, sefa yefodya yemufungo wefodya, panofanira kuva nesefa chaiyo pane imwe nzvimbo yemufungo chaiye. Uye Mwari Ane sefa, uye NdiRo Shoko RaKe. Mupatsanuri, nekuti imvura dzekupatsanura kuchivi. Zvino, ndiye munhu anofunga kana kuravira kwemunhu mutsvene.

Uye kana munhu akapinda nemusefa yerudzi urwu rwenyika, ane kuravira kwenyika. Uye sekambani yefodya, anowana nhengo dzakawanda mukereke yake nekuvasaidzira nemusefa iyi. Unoti, "Kune madzimai akawanda anoenda kukereke kupfuura varume." Zvingadaro. Zvino, chingava chokwadi kana mudzimai achinge aenda oita chero chaanoda. Ndizvo. Anobatana nechero chinhu. Asi akapinda nemusefa yekereke iyoyo. Dai akapinda nemusefa yaMwari, aizobuda akasiyana naizvozvo, maona. Haana kukwanisa kupinda nemusefa yaMwari obuda aine bvudzi rakagerwa. Haangakwanisi kuzviita.

35 Zvino, izvi zvingavava zvakakwashara kune mumwe munhu, asi paakapfuura nemusefa yaMwari, zvino zvotaurwa imomo kuti vasagera vhudzi ravo, anodini? Anogara mhiri. Kana zvichinzi chivi kuti mudzimai aite zvakadaro uye haana chiremera kuita zvakadaro.... Kana achida ku.... Akati... "Zvakanaka, kana achifanira kugera bvudzi rake." Akati, "Zvino rivevure ipapo." Uye akati, "Tinoziva kuti zvinonyadzisa kuti mudzimai agerwe musoro"; akati, "Ipapo regai afukidze musoro wake." Uye bvudzi rake chifukidzo chake, kwete ngowani, mudzimai. Bvudzi rake chifukidzo chake Rinodaro Bhaibheri. Zvinoratidza kuti mudzimai muNaziri kunaShe. Bvudzi refu kumudzimai zvinoreva muNaziri kunaShe.

Zvino, tinoona kuti ichokwadi. Asi tinoona kuti kana munhu anofunga, anodaidzwa kudaro, ari munyika achigona kuputa asi owana raviro yake, anofanira kuva nepfungwa dzakakwana kuti azive kuti ari kuwana tara kubva mufodya. Asi chazvinongoitwa kumutengesera yakawanda, kumuita kuti atenge fodya yakawanda.

36 Uye sefa yekereke inowana hunhengo nezvimwe zvakadaro kana vakavarega vachienderera nechero chinhu asi vari vekereke, vanowana nhengo dzakawanda. Ko dai taenda kumakereke manheru ano tosefa munhu wese kusiya kweavo vaive MaKristu echokwadi akaberekwa neShoko. Pangave nemharidzo dzakawanda dzisina anonzwa manheru ano. Chokwadi! Nekuti zvapakapinda nemusefa.

Uye kana ndine chido chimwe chete mumoyo mangu—uye ndinovimba kuti munhu wose anonditeerera ane chinhu chimwe chete—"Mwari, nditorei nemusefa yeNyu!" Uye sezvakataurwa naDhavhidha, "Ndiedzei, uye mundiratidze, uye muone kana paine chakaipa mandiri, zvino chibudisei, Ishe." Ndinoda sefa yaMwari. Hazvinei nezvinoitwa nenyika, kuti kereke inei, ndinoda kuva munhu anofunga, kufunga kuti ndiani wandichange ndakamira naye rimwe remazuva ano pakutongwa.

37 Cherechedzai, kambani yefodya inozviita kuti itengese fodya yakawanda; kereke inozviita kuti iwane nhengo dzakawanda. Mudzimai ane vhudzi pfupi, akapfeka zvikabudura aizobatwa musefa yaMwari; akanga asingakwanisi kupinda nemairi aine bvudzi pfupi, nokuti Bhaibheri Rakati haafanire kuzviita. Anozvidza musoro wake paanozviita. Tinofanira kuzviziva. Asi anopinda nemukereke asina dambudziko, nevamwe vose.

Ndinomira dzimwe nguva, ndisingashore munhu. Handimbotaupi pamusoro pemunhu upi zvake, asi chivi mukereke. Munondipupurira izvozvo. Handina kuti, "Muzvare NHINGI-NHINGI ndingana-ngana, kana kuti VANHINGI-NHINGI, kana MUFUNDISI NHINGI NHINGI ndinchingi nchingi!" Kwete, changamire! Ndinoti chivi chivi. Kana chiri mumhuri yangu, chiri mandiri, chiri mune ani zvake, chichiri chivi. Kwete sedungamunhu, handitauri zvinopesana nemunhu mumwe nemumwe. ndinotaura zvinopesana nechivi. Handinei kuti ndini here kana kuti ndiani, zvinotangira nemusefa yaMwari, chero chivi chinokumisa ipapo.

38 Tarirai. Asi mudzimai anoda kuva nevhudzi pfupi uye kupfeka zvikabudura kana kuzora pendi nechero chipi, anogona kupinda nepasefa yePentekosti zviru nyore sepayi. Hapana chimwe pamusoro pazvo. Murufu chaimo. Nokuti iye.... Mudzimai akati, "Zvakanaka, hapana chakaipa ipapo." "Kana uchida nyika kana zvinhu zvenyika, imhaka yokuti rudo rwaMwari harwusi mauri."

Mukati memweya uyu zvino, anogona kukwevera mumoyo make zvinhu zvisiri zvaMwari uye zvichipesana neShoko RaMwari kana iriyo nyota yemunhu wemukati. Kunogona kuuya kubudikidza nekuravira, maona, kuravira.... Zvinogona kuuya nemupfungwa.... kuburikidza nekushandisa njere: "Hapana chakaipa mazviri. Ndinoravira; Ndine manzwiwo. Ndinonzwa kuti izvi zvakanaka." Ouya achidzika neizvozvi ndokupinda kundobata munhu wemukati, kana munhu wake womukati ari werudzi irworwo. Zvinoratidza kuti haasi kukweva nemusefa yaMwari. Asi kana ane vhudzi rakagerwa, akapenda huso, akapfeka zvikabudura, matarauzi, anoratidzika sevarume, mitodo yose iyi chero zvavanozvidaidza, achitaura zvinhu zvakadaro, achiita zvinhu izvozvo, achiraramira nyika, achammira; haakwanise kupfuura nemo. Kwete, changamire! Inomumisira kwekutanga chaiko.

39 Cherechedzai, munhu akatarisa miromo yake mitsvuku yakanaka, nechiso chakapendwa, nezvikabudura, nemabhikini nezvimwe zvaanazvo.... murume chaiye anofunga haangamutarisi. Zvino, murume ari nhengo yekereke anomutarisa, omuyemura. Asi handinei nokuti anotaridzika sei kuziso, murume anofunga anofuratira. Sei? Akapinda nemusefa yaMwari, uye anoziva kuti kumutarisa hupombwe mumoyo make. Haafungi kuti akanaka. Woti, "Haasi chinhu chakanaka here!" Kwete kwaari hazvisi. Akasviba pakutaridzika kwake, ndiJezebheri anonzwisa hurombo kumurume anofunga. Mwanakomana waMwari anomutarisa achimunyarira kuti ndewemhuri yaanobva. Ndizvo. "Ko ingava hanzvadzi yangu sei iyo yoita saizvozvo?" Maona?

Akapinda nemusefa imwe, iye ndokupinda neimwe. Haazofungi kuti akanaka, kwete zvachose. Hakusi kunaka kumunhu waMwari chaiye.

40 Rangarirai, imwe nguva Ropa RaJesu Kristu Risati Rava sefa, sezvatichasvika kwazviri mumaminetsi mashoma, vanakomana vaMwari vakatarisa vanasikana vevanhu kuti vakanga vakanaka ndokuvatora, semadzimai. Mwari haAna kumbozvikananganwira. Zvakaitika zvakare pakufamba kwaIsraeri, uye Mwari haAna kumbozviregerera; uye mumwe nomumwe wavo akaparara. "Sefa yemunhu anofunga."

Ndabuda mumusanganano pano; paiva nekaRicky kakamira seri kwekereke humwe husiku, kakati kwandiri, angava makore matatu kana mana apfuura, kakati, "Chikonzero chauri kutaura kudaro, ndechekuti wava harahwa." Kakati, "Ndinofunga vanotaridzika zvakanaka."

Ndikati, "Ndingazvifungidzira izvozvo." Kubva pakuonekwa kwake chete, unogona kuona kuti aitaridzika sei. Ndikati, "Rega ndikuudze chimwe chinhu. Une makore mangani?"

"Anenge makore makumi matatu."

Ndikati, "Pandakanga ndiri mudiki kwauri nemakore gumi namashanu, ndakafunga zvimwe chetezvo." Ndizvo! Ichiri tsvina! "Sefa yemunhu anofunga."

41 Zvino cherechedzai, kana anga ... pfungwa dzake dzakasefwa nemuShoko RaMwari—sefa yaMwari—haazomutariri. Haazofungi kuti akanaka; achafunga kuti ndiJezebheri. Achafunga zvinopfuurira miromo mitsvuku iya kune mazino ane chepfu ingamubaya. Uye Bhaibheri Rakati, "Masuwo ake masuwo egehena; uye murume anopinda maari senzombe inoenda kunobayiwa." Pane sefa yemunhu anofunga.

Unoda chii? Kana mudzimai akauya nemumugwagwa akapfeka saizvozvo, imi varume imi momucheuka, motarisa-tarisa saizvozvo, munenge musiri kushandisa sefa yemunhu anofunga. Nokuti kana ukadaro unenge uri kuita hupombwe, nokuti sefa yakati, "Ani naani anotarisa mudzimai kuti amuchive, atoita upombwe naye." Furatira, munhu anofunga. Ibva kwaari. Haana kunaka; inyoka. Ndizvo. Anomonyoroka sayo, kuita sayo, achiruma sayo. Ramba uri kure naye.

42 Hongu, Shoko RaMwari isefa yemunhu anofunga. Chero ani zvake anozviziva izvozvo; Ndizvo zvakasefa munhu wako womukati, Shoko RaMwari. Uye zvinoita kuti... Kana wasefwa nomuna Mwari... Kana munhu anofunga asefwa nemusefa yaMwari, zvinomupa kuravira kwemunhu mutsvene. Ndizvo. Kana wasefwa nemusefa yaMwari, ipapo kuravira kwako kuravira kwemunhu mutsvene. Zvinopa kuravira kwewakarurama. Chhitaurwa chakarurama zvirokwazvo.

Zvino, tinoona kuti izvi zvaitwa sei mumufananidzo muIsraeri, kuungano yeIsraeri chete. Ndicho chikonzero ndichitaura izvi zvino; kana vashumiri vasingabvumirani pane chimwe chinhu chataurwa, izvi ndezeveungano yangu yandakapiwa naShe kuti ndiparidzire kwairi.

43 Cherechedzai, muna Ekisodho 19 (ndinoda kuti muiverenge kana mava nenguva yakawanda), cherechedzai, vaIsraeri pavakatadza, chokutanga vakatora tsiru dzvuku rakanga risina kumbova nejoko pamutsipa waro. Zvinoreva kuti harina kumbobvira rakasungwa pajoko nechero chinhu. Uye raifanira kuva dzvuku. Ruvira rutsvuku ruvara rweyananiso.

Munoziva here kuti sainzi inoziva kuti kana ukatora chitsvuku uye ukachitarisa kubva muchitsvuku, chinova chichena? Tarisa chitsvuku kuburikidza nechitsvuku, chinova chichena. Anotarisa nemuropa dzvuku raShe Jesu uye zvivi zvedu zvitsvuku zvinova zvachena sechando-chitsvuku nemuchitsvuku. Zvino tsiru raiurawa nenguva dzamanheru neungano yose yaIsraeri, uye pakaiswa mitsetse minomwe yeropa raro pamusuwo apo ungangano yose yaifanira kupinda napo: mufananidzo wemazera manomwe emakereke kuburikidza neropa.

44 Ipapo mutumbi waro waitorwa wopiswa. Raipiswa namahwanda, nedehwe, noura, pamwechete nendove. Zvinhu zvose zvaipiswa pamwe chete, uye zvaifanira kunhongwa nemurume akachena uye zvaifanira kuiswa panzvimbo yakachena kunze kweungano. Nokudaro, dai Israeri yaingokwanisa kuona mufananidzo, Shoko RaMwari iRi haRifaniri kubatwa nemaoko akasviba okusatenda. Anofanira kuva munhu akachena; uye kana akachena, aitofanira kusefwa nemusefa yaMwari. Murume akachena, maoko akachena! Uye zvaifanira kuchengetwa munzvimbo yakachena, kwete nzvimbo inobatwa navanaJezebheri navanaRicky navose... vachidya chirairo nezvimwe, ivo vachisasana nemadzimai, nevarume, nemhando dzose dzetsvina, vachienda kundodhanza nekuva nemabiko, nokuva nevhudzi rakagerwa nezvikabudura, nezvimwe zvose, uye vozviti MaKristu. Zvinofanira kuchengetwa panzvimbo yakachena uye zvatwa nemaoko akachena.

Zvino vaIsraeri pavakatadza uye vaona kuti vakanga vaita zvakaipa, vaimwayiwa namadota etsiru iri pamusoro pavo, uye yakanga iri mvura yokunatsa, yokunatsa nayo chivi.

45 Tarirai, hezvinoi zviri pano! Zvino Israeri, vasati vapinda mukuyanana nemukunamata, vaifanira kutanga vapfuura nemumvura dzokupatsanurwa—kururamiswa ne...Kutenda kunouya nokunzwa; kunzwa

Shoko. Zvino vaipinda muungano pasi pemitsara minomwe iyoyo, yeropa, kuratidza kuti chimwe chinhu chakanga chafa uye chaiva pamberi pavo nokuda kwechivi chavo. Vakapatsanurwa nekunzwa Shoko, mvura dzepatsanuro, ndokuzopinda mukuyanana.

Nzvimbo bedzi Mwari Aisangana nomunhu yaiva seri kwehurongwa uhu. Hapana kumwe kwaAizosangana naye. Aifanira kuuya seri kwehurongwa ihwohwo. Mwari Aingosangana neIsraeri panzvimbo imwe chete. Uye Mwari Anosangana newe nhasi panzvimbo imwe chete; ndimo muna Jesu Kristu. Uye iYe iShoko, mvura dzepatsanuro. Uye Ropa RaKe Rakadeurwa kwemazera manomwe ose emakereke, zvino noMweya Mutsvene tinopinda mukuyanana ikoko, kunongopiwa kukereke. O, Mukuru sei!

46 Uye zvino tinoda kutarisa pana VaEfeso 5:26. Yakati kugezwa kwemvura neShoko, mvura dzepatsanuro. Dzinoitei? Zvino sefa yaMwari iShoko. Mvura dzepatsanuro—kugezwa kwemvura dzepatsanuro neShoko, sefa yaMwari.

Zvino haugone kupinda muna Kristu nemusefa yekereke. Haukwanise kuuya nesefa yesangano kana sefa yezvitendwa. Pane sefa imwe chete yaunogona kupinda munzvimbo tsvene iyoyo; Ndiko kubudikidza nokushambidzwa nemvura dzeShoko. Shoko RaMwari isefa yemunhu anofunga.

47 Kereke ichakutonga pano kuti uri nhengo yakanaka here kana kuti kwete. Vachakuradzika zvakanaka nemureza wakarememberera pakati pomutanda pakufa kwako, yotumira maruva makuru emaruva, nekukuitira zvole; asi kana zvasvika kumunhu wako wemukati akatarisana naMwari, unofanira kuva nehupenyu husingaperi! Uye kana huri hupenyu husingaperi, chikamu cheShoko. Uye seshoko rangu pachangu risingagoni kuramba... ruoko rwangu pachangu harugoni kuramba ruoko rwangu... Maziso angu pachangu haarambi ruoko rwangu, kana tsoka yangu, kana chigunwe changu, kana chimwe chikamu changu. Hachigoni kuzviramba, uye kana munhu ari chikamu cheShoko RaMwari, kana mudzimai, haangarambe chikamu chimwe cheShoko RaMwari. Zvino, madzimai, paunofunga kuti unogona kuva nevhudzi rakagerwa wouya muHupo HwaMwari, wakarasiika! Mazviona here? Wakarasiika. Haugoni kuuya nemusefa yaMwari kwawakasukwa nemvura yeShoko. Unobva wapinda mukuyanana. Unofunga kuti uri, asi haugoni kuva kusvikira wauya nemuShoko. Uye kavara kadiki kese, shoko duku rose raMwari... "Munhu haangarambi nechingwa chete asi neshoko rose." Zvinofanira kusefwa nemusefa—zvichisefwa. Zvinopa kuravira kwemunhu akarurama, nokuti ndizvo zvaari kutsvaga, achitsvaka chimwe chinhu chinomuchenesa.

48 Shoko, Shoko RaMwari isefa yomunhu anofunga, uye rinopa kuravira kwomunhu akarurama. Tinoziva kuti ichokwadi. Rinosefera kunze zvivi zvole zvekusatenda. Hapasisina kusatenda kana wasefwa nemusefa, nekuti kuravira kwemutendi wechokwadi.

Mutendi wechokwadi anoda kururama zvisinei. Haangodi kuti, "Zvakanaka, ndiri nhengo yezvemagariro evanhu. Ndinopinda kereke, kereke hurusa muguta." Handinei nokuti imishoni pakona, kana iri chiteshi chezvikepe pane imwe nzvimbo, munhu anofunga anoziva kuti anofanira kusangana naMwari. Uye zvisinei nezvinotaurwa nekereke kana ani zvake, anofanira kuuya maererano nezvinodiwa naMwari. Zvino zvinodiwa naMwari iShoko RaMwari.

"Zvakanaka," ivo vanoti, "iShoko RaMwari!" Chokwadi, vose vanotenda kuti iShoko RaMwari, asi unogona kusefwa here? Ucharega sei mudzimai akagerwa vhudzi achisefwa? Uchazviita sei? Muchaita sei kuti munhu asefwe neuko kweunoda kutsigira dzidziso iyi, maona? Hakusi kuravira kwemunhu anofunga. Kwete! Munhu anofunga achafunga ... munhu anofunga anozofunga kaviri asati asvetukira mune chinhu chakadaro.

49 Cherechedzai, Shoko iRoRo haRigoni kuzviramba pachaRo. Ipapo raviro inogutswa—kana kuti chishuvo. Chishuvo chei? Chii chakaita kuti uzvishuve pakutanga? Nokuti mukati momunhu wako womukati maiva nembeu yakafanotemerwa yaiva Hupenyu Husingaperi, yaigara iri imomo—yaigara irimo. "Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiRi. Hapana kana mumwe wavo acharasiika."

"Kuravira kwemunhu anofunga." Kana munhu anofunga akanzwa Shoko RaMwari, "Makwai aNgu anonzwa inzwi raNgu, haangateveri mweni,"... Nokuti mukati umo mune hupenyu, uye hupenyu hunobatana nehupenyu. Chivi chinobatana nechivi, uye chivi chinonyengera kusvikira chinofunga kuti chakaponeswa asi chisina kuponeswa. Chiri mukati mehunyengeri chaihwo.

Nhengo dzemakereke dzinoda sefa yesangano kuti dzigova nechido chadzo dzigozonzi vanhu vanonamata. Unonzwa vachiti, "Oo, anonamata zvikuru."

50 MuAfrica ndakanga ndiri kunze ikoko rimwe zuva, uye vaitaura pamusoro peizvi ... vamwe vana vaitaura pamusoro penziyo idzi dzerock'n'roll dzaiimbwa naElvis Presley nevamwe, Pat Boone, nezvimwe zvakadaro, Ricky Nelson, nevamwe vese. Ndikati, "Iboka renhubu."

Mumwe musikana muduku akati, "Hongu 'ka, anonamata zvikuru."

Ndikati, "Ndizvo zvakanga zvakaita Judhasi." Ndikati, "Judhasi akangowana masirivha makumi matatu chete; Elvis Presley akawana mamiriyoni emadhora." "Vose vakatengesa hudangwe hwavo," maona. Ndikati, "Ndiko kuderedzerwa kukuru kwenyika." [Chibenga chisina chinhu patepi.] Achiri kunyengera sesefa yemudzanga. Masangano aya anotendera nhengo idzi kuti dzipinde. Havatombofaniri... Panofanira kuva nemutemo wekuti havaimbe nziyo dzechinamoto. Zvinopesana ... kunofanira kuva kutyora mutemo kuti vazviite. Asi zvole zvava murwi mukuru wehunyeri, uye ndipo pavagere nhasi. Sefa yechokwadi yemunhu womukati inoti, "Kana uchida nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harutombori mauri."

51 Munoono, hamungati rock'n'roll ndeyenyika ... kana kuti, ndeyaMwari. Rock'n'roll ndeyenyika. Chero mhando yekudzanza ikoko nokusefa ... zvinhu zvakashata, zvine tsvina, ndingadaro, ndezvenyika. Ndezvenyika zvole. Haungati bvudzi rakagerwa kumudzimai nderaMwari. Bhaibheri Rinoti hazvisi, naizvozvo itsvina yenyika. Uye kana uchida chikamu chimwe chete chenyika, rudo rwaMwari harwutombori mauri.

Munoono ... Zvakanaka, chii chiri kuzvikwevera? Ndechiri mukati chinokweva. Munhu womukati urikukweva chitubu chako nekunze zvichidzika nemweya kupinda mumunhu womukati. Uye kana munhu womukati achida zvenyika, akafa. Hazvinei kuti akazodzwa zvakadini kunze uko, uye kuti akarurama sei kunze uko; zasi umu akafa. "Nokuti anoda nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harwusi kana maari!" zvisinei kuti anonamata sei.

Sefa yechokwadi nenzira iyoyo, icha[sefa] zvinhu zvole izvo uye isingaunzi chimwe chinhu kunze kwezvokwadi yaMwari, Shoko, Richipnda mumunhu womukati wechokwadi chaiye.

52 Vakaita saEsau, pakuonekwa kwavo zvakakanaka. Esau ainamata kunze. Uye kana zvasvika pakunamata, zvaiita sokunge vanhu ainamata zvakanyanya kupfuura Jakobho. Aiita kunge munhu ari nani kupinda Jakobho, asi mukati make, ndizvo zvaiva. Aioneka semunamati kunze, asi kufunga kwake hakuna kusefwa. Haana kufunga zvakakanaka nezvehudangwe. Haana kufunga kuti Mwari ... hudangwe hwaireva zvakawanda sezvakarehwa naMwari. Heunoi, akati, "Ndine nzara; hazvina mutsauko wazvingapa pahudangwe hwekare; unogona kuhutora kana uchihuda." O ini zvangu, munoono, "Ndinoenda kukereke; Ndakangofanana nemi! Sangano rangu rakangoita se ... Hongu 'ka, nderimwe remakuru 'sa munyika. Amai vangu vaiva varo; baba vangu vaiva varo. Zvole izvi, izvo, nezvimwe. Mufundisi wangu akanga akadzidza; ane zvakati nezvakati." Izvi zvinomuisa kure zvikuru naMwari. Iyo haisi sefa yemunhu anofunga. Dai zvaibvira, ko Petro aizova sei zvaiva iye asingakwanisi kunyora zita rake. Asi akatakura sefa yemunhu anofunga.

Cherechedzai. Imi we-e!

53 Esau akafunga kuti hudangwe hwaisareva zvakanga zvataurwa naMwari, kuti hwaiva mutsauko pakati poupenyu norufu. Naizvozvo saEvha uye saJudhasi, vakatengesa hudangwe hwavo kuti vagutse kuravira kweruzivo rwebudiriro. Ndizvo chaizvo vakatengeserwa hudangwe naEvha. Akahutengesa kuti awane kuravira zvishoma kwesainzi, kuravira zvishoma kwezivo yenyika, kereke iri nani zvishoma, boka revanhu riri nani, sekudanwa kwaro nhasi, maona. Uye Judhasi akatengesa hudangwe hwake nemasirivheri makumi matatu akaita mamwe madhora mashoma. "Ungano yangu inogona kundibhadhara zviri nani kuno, uye ndichaparidza kuno," maona. "Naizvozvo kana ndikava muparidzi, zvakakanaka..."

54 Vakati, "Hama Branham, tinotenda kuti shoko iri ichokwadi, asi hatigoni kuzvigamuchira. Kana tikadaro, hongu 'ka, taizoparidza kupi?" Nyika, hama; ndiyo nhandare yokuparidzira. Zvirokwazvo. "Zvakanaka, hapana kana mumwe wehama aizonditsigira." Handisi kutsvaga mumwe wehama kuti anditsigire. Ndiri kutarisira Jesu Kristu kuti Anditsigire, nokuti Akamira pazviri. NdiYe Akazvitaure.

Zvino kana hudangwe hwechokwadi—ropa—hwakasefwa neShoko, nechivi chose, nenyika, nekereke, nemasangano, namasekete aseferwa kunze... Dzidzo, budiriro, kereke, sangano, hurongwa, chivi chemhando dzose chinosiwa kunze apo munhu anofunga anotora sefa yemunhu anofunga mukuenzanisa kwaMwari.

Hapana chinosara mairi kana munhu akweva hupenyu hwake nemusefa yaMwari. Cherechedzai. Pano hupenyu hwako hwose hwakakanganisika nechivi, nekuti wakaberekerwa muchivi, wakaumbwa mukusarurama, wakauya panyika uchitaura nhema. Ndichataura chimwe chinhu, sekutaura kwavaiita Hama McCully. Nдитеererei.

55 Pawakauya panyika, wakaberekerwa muchivi. Hauna kana kumbouya uine nemukana wekurwa. Wakaberekerwa muchivi, wakaumbwa mukusarurama, wakauya munyika uchitaura nhema, mukati memweya wako mune chishuvo chechivi, mudi wechivi, nokuti wakaberekerwa muchivi. Wanga usina mukana. Asi zasi mukati mako pane imwe nzvimbo (hezvo wakauya) paiva nechimwe chinhu imomo chakatanga kukweva. Dai waiziva kuti chimwe chinhu chakakuudza kuti kuna Mwari pane imwe nzvimbo, uye ukaverenga Shoko RaKe, ndokubva watora kereke, ukatora pfungwa dzavo pawakaudzwa zviri nani, naizvozvo hauna kumboshandisa sefa yemunhu anofunga. Asi kana ukashandisa sefa yaMwari inova sefa yemunhu anofunga, nokuti "mamwe ose masefa achapfuura, asi yaNgu haizoperi!".... Uye paunotora sefa

yaMwari wokweva hupenyu hwako, zvishuwo zvako unokweva zvishuwo zvako nemusefa yaMwari, sefa yemunhu anofunga, hapana chasara kusiya kweMweya Mutsvene.

Zvino, kana uchida humbowo hweMweya Mutsvene, heunoi. Kana munhu wako wemukati uyu uchienderana neShoko RaMwari munzira dzose, zvinoratidza kuti wakakweva hupenyu hwako nemusefa yemunhu anofunga: sefa yaMwari.

56 Cherechedzai, ndiyo sefa yaMwari here? Akati takasukwa nemvura dzeShoko. Zvino Mwari paAkapa Adhama naEvha sefa muBindu reEdheni, Akati, "Usakweva chero chimwe chezvinhu izvi." Asi Satani akaboora buri pairi, akati, "O, I Zvishomana zvazvo hazvingakuvadzi."

Donhwe rimwe chete zvakare, ndizvo zvazvaida kuisa rufu murudzi rwevanhu. Ndizvo chete zvazvinoda, kungoravira kumwe kwechikakananda, ipapo vaparara."

Hapana chasara kusiya kweMweya Mutsvene.

Uyezve, zvinoratidza kuti mauri makanga muine mbeu yakatemerwa yakadzika mauri inoita kuti uve nenzara yaMwari. "Vose vaNdakapiwa naBaba, vaAkaNdipa kuti Ndidzikinure—vakafa neNi paKarivhari; vakamutswa pamwe chete neNi pakumuka—vose vaAkaNdipa vachauya kwaNdiRi. Vanozoiswa mumutumbi (ingave tsoka, ruoko, mhino, muromo, chero zvazvingava). vachaiswamo, uye vachauya kwandiri nenguva yavo."

Oo, imi we-e!

57 Hekunoi kusefa chaiko. Pazvivi zvose zvenyika uye rudo rwenyika rwakafa, uye munhu uyu wemukati ari kukwevera chinhu chimwe chete Hezvinoi, musarangarira ... musazvikanganwa! Imi mose muri panhare kunze uko, zviisei izvi mupfungwa dzenyu. Kana munhu anofunga akatanga kufunga nezve waachamira pamberi pake uye kuti nezviri Shoko RaMwari, paanotanga kufunga, zvino kana akwevera naipapo, hapana chinogona kusvika kwazviri kusiya kweMweya Mutsvene. Chii ichochi? Chizenga chembeu, mbeu Shoko kubva pakutanga, chawakanga uri muna Mwari pakutanga, wakamira pano uchikweva hupenyu hwembeu. Mbeu iri mumoyo mako nekufanotemerwa! Hareruya! Mbeu yatovemo nekufanoziva kwaMwari, kufanotemerwa. Uye kana ichikweva, haikwanise kukwevera nemune chimwe chinhu kusiya kweShoko! Zvino kuravira kwemunhu anofunga, munhu akarurama, munhu mutsvene anoona Bhaibheri, kuti Jesu Kristu haAshanduki zuro, nhasi, nokusingaperi. Chii chinopinda panzvimbo iyo zasi uko, Shoko RiRi mumoyo: "Shoko ReNyu ndakaRiviga mumoyo mangu, kuti ndirege kukutadzirai"? Chii kana uri kukweva nemuShoko? Pane chinhu chimwe chete chichapfuura nemuShoko; NdiWo Mweya Mutsvene. Ndicho chinhu choga chinogona kupfuura nemuShoko, Mweya Mutsvene. Uye sefa yemunhu anofunga inopa munhu mutsvene kuravira.

58 Ipapo akaravira zvinhu zvokudenga. Ane Shoko RaMwari mumoyo make; anozviona zvichiratidzwa pamberi pake. Uye munhu wake wose womukati wakaputirwa mazviri, uye nyika nezvinhu zvose zvakafa zvakamupoterredza.

Sefa yechinamoto yemunhu anofunga Uye ndiri kufunga nezvechinamoto chinosefa iko zvino. Kana sefa yemunhu anofunga ikapa kuravira kwemunhu mutsvene (maona), Inogutsa kuravira kwake. Anoona kuti Jesu Kristu haAshanduki zuro, nhasi, nokusingaperi. Mazviona. KuMuona pamberi pedu Achiita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita; zvinogutsa kuravira kwemunhu mutsvene, kufunga kwake.

Anoziva zvino kuti wayambuka kubva murufu uchipinda muhupenyu. Uye anoda... Uye inoda kuti nyika—kuti isimbiswe—uye inoda kuti Shoko Ritsigirwe nokusimbiswa. Muzera roga roga anoimirira, nokuti munhu mutsvene uye ane chishuwo chekuona Mwari. Vamwe vanongoda kupinda kereke. Munhu uyu anoda kuona Mwari. HaaMuoni ari muboka rezvitendwa. HaAmuoni ari muoni huru dzenyere dzakanaka, kana macathedrals, nemichinjikwa mirefu, kana vadzidzi vakakwenenzverwa vakatenderedzwa makora. HaaMuoni mumudzidzi weBhaibheri; anoMuona mukusimbiswa kweShoko RaKe.

NdakaMuona mumoto wevarindi we....

Meso angu akaona Kubwinya kwaJehovha

Kuuya kwaShe;

Ari kutsika-tsika mazambiringa apo

Mazambiringa okutsamwa anochengeterwa;

Akasunungura mheni yokutendeka

noMunondo waKe unotyisa unomhanya;

Chokwadi chaKe chinoramba chichifamba.

(Zvichasvika pakuguma! Hongu, changamire!)

59 Munoono zvandinoreva. Munhu wesefa ... kana kuti sefa yemunhu anofunga. Munhu anoda kumira muHupo HwaMwari.... Sefa yaMwari chaiva chii? Shoko RaKe. "Zuva raunoudya, nezuva iroro uchafa." Handinei nezviri kuitika kunze uko; usanyenyeredza Shoko iRoRo. Wakashambidzwa nemvura yeShoko—sefa yemunhu anofunga. Kwete sangano, kwete chitendwa, kwete kereke, kwete kathedra, asi sefa yemunhu anofunga! Nokuti unozotongwa neShoko. Munhu anofunga achafunga izvozvo. Munhu benzi kana kuravira kwenyika kunongotora chero chinhu, chinotsiva. Sei uchitsiva kana paine chaicho?

60 Funga. Chimbofunga nezvazvo kweminiti. Mudzimai achitaura nendimi nebvudzi rakagerwa akazora pamuromo, uyezve kereke inoramba yakabatirira pazviri kuti ndicho chiratidzo cheMweya Mutsvene.

Kana muparidzi anobva kuseminari kana chimwe chikoro cheBhaibheri chinoshandisa rubhabhatidzo rwoutatu kana kuti chinorerutsa Shoko chichitora chimwe chitendwa kana sangano. Ndiyo sefa yemunhu anofunga here? Kwete sekuona kwandinoita hama. Munhu benzi anokweva nayo. Ndizvo. Ungazvifungidzira here? Pachinzvimbo chokushandisa Shoko RaMwari sesefa yemunhu wake womukati, anorega chitendwa chakare nesangano zvichitutirana napamusoro pake saizvozvo, pachinzvimbo chekutora Shoko RaMwari sesefa. Uye zvino asvibiswa uye ovarega vachipinza maari dzidziso dzevanhu, vachiita zvinhu, vachipotsa vanyengedza vakasanangurwa chaivo uye vachishaya hanya neShoko, iye achikwanisa kukwevera kumunhu wake womukati pachake—kana paine chinhu imomo chokukweva nacho. Asi kana mbeu yakatemerwa (musapotsa izvi)... kana mbeu yakatemerwa isimo imomo, haizokweveri nemo, nokuti inozokweva chishuvo chayoye.

61 Kana munhu anoputa achida kuravira kwemunhu, uye akabata chitanda ini ndoti, "Yamwa chigunwe chako," iye akamira achiyamwa chigunwe, hongu 'ka oti, "Kupusa ikoko!" Sei? Kuravira kwake ndekwechikakananda. Naizvozvo haasi munhu anofunga, maona.

Asi iwe unoti, "Zvakanaka, hapana chandinoravira; Ndinoda kuravira nyika; Ndinoda kuravira fodya; hapana chandinoravira." Mupei pini yembatya ngaayamwe iyoyo. Chokwadi, ngaayamwe izvozvo.

Anoti, "Handina chandinoravira." Chii chauri kuisvetera? Wava nechido chekuravira chikakananda. Uye paunenge uchisveta pachitendwa chekereke asi imi madzimai muchiva nevhudzi rakagerwa, zviso zvakapendwa, uye makapfeka zvinokwezva, uye imi varume muchizvitarisa nezvimwe zvinhu zvose izvi moenderera mberi nemafambiro amunoita, chii? Chii chirimo mukati? Nyika ichirimo, uye mune kuravira; murikusveta pazviri kuti muve neraviro.

62 "Ndinogona kuenda kukereke iyi; havambotauri chinhu ichocho. Havatauri chinhu pamusoro peizvi, kana chimwe chete pamusoro pazvo. Hapana chimwe chezvinhu izvi chinounzwa. Muparidzi wedu ane pfungwa dzakafara kupfuura izvozvo. Hatitaure zvinhu zvakadaro." Chii ichochi? Une kuravira kwenyika kwauri kusveta. Ndizvozvo.

Asi mudzimai anofunga haatore chinhu chakadaro. Anoziva kuti anofanira kuva mutsvene! Uye chinhu choga chaunogona kukwevera kuburikidza neShoko RaMwari Mweya, simba rinomutsiridza, kuita kuti Shoko pachaRo RiRi mauri Rirarame kuratidza Jesu Kristu Muchizvarwa chauri kurarama! Hareruya! Hama, kana icho chisiri chokwadi, handizivi kuti chokwadi chii. Ndarasika njere kana chisiricho chokwadi.

IShoko pachaRo RiRi mumoyo mako, Rakatemerwa imomo, RiRi kukwezvwa. Uye Rinopfira nyika iyo; haRiidi. Asi kana Rasvika muno muShoko, Rinotanga kukweva. Uye kana Rakweva nemuShoko, hapana kuva chimwe kusiya kweMweya Mutsvene kumutsiridza Shoko iRi.

63 Zvino sefa yemunhu anofunga, anonamata iShoko, uye inogutsa kuravira kutsvene kuri mumoyo make. "Sefa yemunhu anofunga, kuravira kwemunhu mutsvene." Oo, ini zvangu, zvatiri mazviri.

Panzvimbo yekushandisa sefa yaMwari kumunhu wake womukati, ari kurega Satani achimunyengedza nerimwe sangano kana chitendwa, sezvakangoita makambani efodya ari kukunyengerai imi vanhu vanoputa fodya. Unongowana nhengo dzakawanda, uye ndizvo chete.

Oo, regai ndivhare mumaminetsi mashoma ndichitaura izvi.

64 Raodhikia bofu! Tingava mapofu sei. Raodikia mapofu, achitungamirira mapofu echizvarwa ichi pasi pekunyepedzera kwenhema, pasi pezvitendwa zvenhema, pasi pedzidziso dzenhema, pasi pesangano renhema, pasi pemabhuku ezvitendwa enhema. O, Raodikia bofu, kutungamira mapofu, imi mose makananga kugomba.

Shandura sefa yako manheru ano, muparidzi. Usakwevera chikakananda chesangano muhurongwa hwako, hwedzidziso nezvitendwa, zvakataurwa naJesu, "Ani nani anowedzera shoko rimwe kwaRiRi kana kubvisa shoko rimwe paRiRi..." Paunoudza ungoro yako kuti zvakanaka kuti madzimai aya aite izvozvo, uye varume ivavo kuti vaite izvozvo, nezvimwe zvinhu zvose izvi, izvo, nezvimwe, kana vachiramba vakatendeka kune izvi, nekuita izvo, uye vachichengeta zvitendwa izvi nezvimwe, haunyarere here iwe

pachako?

“VaFarise mapofu,” Akadaro Jesu.

65 Jesu paAkadanidzira Achiti, “VaFarise mapofu,”

Mweya Mutsvene mumoyo mangu manheru ano Anochema, “Raodhikia bofu, Mwari Aikupa kangani rumutsiro, asi zvino nguva yako yasvika. Nguva yaperu zvino. Ko waseka nekuseka sei vanhu vawakatimirwa naMwari? Asi zvino nguva yako yasvika. Oo, United States, United States, kuti “Mwari Angadai Akakuvhumbamira sei sezvinoita huku inovhumbamira nhiyo dzayo, asi iwe wakaramba.” Zvino, inzwi iri riri kubva kumahombekombe richienda kumahombekombe, kubva kuchamhembe kuenda kumaodzanyemba, uye kumabvazuva kusvika kumadokero. Mwari Angadai Akakuvhumbamira sei, asi iwe wakaramba. Zvino nguva yako yasvika.

Ndudzi dziri kupazika; nyika iri kuparara. Chikamu chemamaira gumi nemazana mashanu chayo, chakafara mamaira mazana matatu kana mana, chichanyura mazana ... kana kuti zvichida mamaira makumi mana kudzika mukukanganisa kukuru uko kune rimwe remazuva ano, uye masaisai achapfuura kusvika mudunhu reKentucky. Uye pazvichadaro, zvinozungunusa nyika zvakananyanya zvekuti zvese zviri pamusoro payo zvinozunguzika.

Oo, ndivanzei mudombo rekare. Mwari, nditenderei.... Femerai pandiri, Ishe. Mweya WaMwari Mupenyu, furidzirai pamusoro pangu. Regai nditore sefa yaMwari ndigorarama pasi payo, Ishe. Regai ndifeme mweya mutsva weMweya Mutsvene mumapapu angu, mumunhu wangu wemukati zuva rega rega, kuti ndisaKutadzirai, O Ishe. Femerai pandiri, Mweya Mutsvene, femera pandiri.

66 Regai ndidyare Shoko RaMwari mumoyo mangu uye ndigotsunga imomo kuti ndirege kutsaukira kurudyi kana kuruboshwe kubva paRiRi, asi ndicharama nokutendeseka kwaRiRi mazuva ose oupenyu hwangu. O Baba Mwari, zvino tumirai pamusoro pangu Mweya Mutsvene WoHupenyu kuti Amutse MaShoko iWaYo kwandiri kuti ndiratidze Jesu Kristu pamberi peavo vari pamberi pangu kuti ... kutarisira kuti zviitike. Ndiwo munamoto wangu.

Oo, ini zvangu! Cherechedzai maitiro avanoita nhasi mumakereke iwayo: kusveta vanhu nemasefa emasanganano kupinda mumubatanidzwa wekereke. Sei? Sei? Nokuti zvinovapa chishuwo chemoyo wavo, sangano. Vane kuravira sangano. Vachazviita.

Pese apo Mwari paAkavatumira rumutsiro, vakaitei? Vakarwuita sangano. Ndizvo here? Naizvozvo vane sefa yavo, nokuti vane kuravira kukuru. Uye zvino Mwari Achavapa chishuwo chavo chekuravira kwavo. Achavapa.... Vari kuvasvetera mumubatanidzwa wemakereke, zvino vobva vanzwa kuravira kwesanganano ipapo. Vanako.

67 Haiwa kereke yeRaodhikia, musatsauswa munguva ino nokunyengera kwavo. O Pentekosti, imi makapinda muRaodhikia, imi muri chikamu cheRaodhikia, kereke yakafa, kubudikidza neMethodist, Baptist, nePresbyterian, chimiro chetsika.... Asi imi vaPendekosti vachirikukwanisa, “Ameni!” pano neapo, vanokwanisa kukwevera mimhanzi yakawanda papuratifomu uye vova nemadzimai akagera bvudzi achitamba kwose kwose, uye vachingotenda mukupodzwa kutsvene, Mwari Angadai Akakutora kangani, asi makatora imwe sefa, sefa yesanganano. Mwari Angadai Akakutora kangani.

Kwaive kunyengera kwakadii! Mateo 24:24, Jesu Akataura kuti zvaizonyengedza vasanangurwa chaivo dai zvaibvira. Iwe uri pedyo zvakadii; saEvha ari kungosiya chinhu chidiki chimwe kana zviriri zvaaisazogamuchira nokuti makava sangano uye hamugoni kuzvigamuchira. Ndizvo chete zvazvinotora. Munogona kungotora zvole, nokuti kugumbura zvisvima, imhosva pane zvole. Oo!

68 Pentekosti, Pentekosti, pfuudzai kufunga kwenyu nemusefa yaMwari, kwete zvirototo zvenyu zvesanganano, uye muchasefwa muine kuravira kwemunhu mutsvene, rubhabhatidzo rwechokwadi rweMweya Mutsvene.

Mungafungidzira here murume achirega mudzimai wake achigera vhudzi rake, achipfeka zvikabudura, kana kupfeka midhedbhe, oti ari kusefwa nemusefa yemurume anofunga! Mungafungidzira here murume achiita chinhu chakadaro!

Mungafungidzira here muparidzi akamira papurupiti, nokuti anobhadharwa zvakanaka neungano inomubhabhadzira kumusana, ichimuti “Chiremba, Hama, Mufudzi,” uye yomuendesa kunze kumabiko akasiyana-siyana uko kune kugeza kwakavhengana zvimwe zvole zviri mumahombekombe egungwa, mungafungidzira here mumwe murume achitaura kuti ari kusefwa nomusefa yomunhu anofunga!

Uye vamwe vemadzimai avo vari papuratifomu vakapfeka marokwe avo ari pamusoro pemabvi avo uye akati mbati-mbati, uye zvichiratidza chimiro chese, kufamba kwese kwavanoita, uye zvipfeko zvavo zvemukati zvichibuda mumadhirezi avo, zvakaipa sokupfeka zvikabudura, mabhikini, kana zvimwe zvinhu zvole. Imi maPentekosti, mapofu, vaparidzi veRaodhikia, Mwari Achakuitirai moyo murefu kusvikira rini,

handizivi. Mwari ngaAkuitirei nyasha pameso enyu asingaoni. Ane mushonga wemeso manheru ano kuti avhure maziso ako kuti uone.

69 Sezvandataura mangwanani ano, tiri muzera rokuona, kumusoro. Hapasisina masimba ari pamusoro apa aunogona kufamba kunze kuti uzive. Kubva mumhino dzako unonhuwidza, kubva pamiromo yako unokwanisa kutaura, kubva mumaoko ako unokwanisa kubata nekuva nemanzwira, netsoka dzako nezvakadaro, asi haukwanise kuenda kure kupfuura maziso ako.

Maraki 4 auya. Ndizvo. Kuchava nechiedza nenguva yamadekwana. Oo, Famba muchiedza!

Tichafamba muchiedza, chiedza chakanaka.

Chinouya panodonha dova retsitsi rinopenya;

Penyerai kumativi angu ose masakati nousiku;

Jesu (Shoko), chiedza chenyika.

(Hongu, changamire!)

Sefwa, oo, hama, uye uchabuda nokuravira kwemunhu mutsvene noMweya Mutsvene.

70 Oo mudzimai, chingopfuura kufunga kwako kwamapfekero kwechizvino-zvino, pfuura kufunga kwako kwechizvino-zvino Usati wabuda mumugwagwa pamberi pevarume.... Imi madzimai echidiki, imi chembere, musati mabuda munzira makapfeka mbatya dzinobata kudaro, dzakadundubarira mberi neshure.... Handitsoropodzi; Ndiri hama yenyu. Ndinomira pakati pavapenyu navakafa uye ndinonzwisisa zvandiri kutaura. Musati mapinda kunze... uye muchiziva kuti muviri wenyu hurongwa hunoyera, chiyero chinoera chamakapihwa naMwari... Musati mapinda mumugwagwa makapfeka saizvozvo, pfuudza pfungwa dzako nemusefa yemudzimai anofunga. Uye rangarira kuti ani nani anokutarisa achikuchiva, watoita upombwe naye. Rangarira izvozvo, hanzvadzi.

Uye hama, usati wacheutsa musoro wako kumutarisa pakuona kwechipiri, pfuudza pfungwa dzako nemusefa yemurume anofunga; uchabuda nekuravira kwemunhu mutsvene (maona), mukuita zvakanaka.

71 Cherechedzai, kana mukapfuudza pfungwa dzenyu nemusefa yemudzimai anofunga, muchasefwa nenguwo yemudzai mutsvene. Ndizvozvo. Muchabuda, hama, muine chimiro chemunhu mutsvene. Zvino, ndicho chinhu chimwe chete. Zvose zvamunoita, zvipfuudzei nemusefa yeShoko RaMwari, mugoona kuti zvakanaka here kana kuti zvakaipa.

Muchabuda nenguwo yomudzimai mutsvene, ane vhudzi refu, akapfeka zvakanaka, akanyarara, ane mweya wakazvinipisa-asingasinanisiri nokukakavara, achirwa, achiva noupenzi—mweya wakanyarara, munyoro, inova pfuma huru inobva kuna Mwari. Bhaibheri Rakataura kudaro.

Zvino, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu imi muri kunze uko munyika.... Tava kuzovhara mumaminetsi mashoma.

72 Zvino, tose manheru ano ngationgororei zvishuwo zvedu, uye ipapo munogona kuona kuti imhandoi yesefa yamange muchikweva nayo. Ngationgororei, mumwe nomumwe wedu, pano nokunze munyika yose. Tarisa zvishuwo zvako, zvaunoda chaizvo muhupenyu. Tarisa zvauro kurwira. Tarisa zvauro pano. Tarisa kuti unoenderei kukereke. Chii chinokuita kuti.... Zvakanaka kuenda kukereke, asi usangoenda kukereke chete; izvozvo hazvikuponese, maona. Ingoongorora kwemaminetsi mashoma. Iti, "Chinangwa changu...? Isefa yerudzii yandiri kukweva nayo zvakadaro?" Uye kana ukasaita maererano neShoko RaMwari, uye munhu wako wemukati akasazviita, ipapo pane chakakanganisika, nokuti zvinoratidza kuravira kwako, kuti hupenyu ... imhandoi yehupenyu huri mauri. Kana iri tsvene, yakachechuka kumurairo, ichiremekedzeka, inobuda nenzira iyoyo. Kana zvisina kudaro, une kumwe kuravira kuri mauri kwauri kutora. Ndizvo chaizvo. Uye kana kuravira kuri Shoko RaMwari uye kuda kwaMwari, naizvozvo unoziva zviri mauri, zviri kukweva kuravira. Zvinoratidza kuti uri chikamu cheShoko iRoRo. Shoko iRi RiRi mauri richikweva kubva muShoko.

73 Chii chirikukweva? Chiri kukweva nemuShoko, nokuti uri chikamu chemutumbi waKristu wechizvarwa chino. Uye kana Shoko iRi RiRi mauri, Rinokwanisa chete kukwevera kuburikidza neShoko Mweya Unomutsiridza Shoko RiRi mauri. Shoko chete Rega haRingararami. Ndicho chikonzero, "Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiRi, uye kana Ndikasimudzwa Ndichakwevera vanhu vose kwaNdiRi," maona, maona. Baba....

Mutezo wemutumbi waKristu uri munyika, wakatemerwa, wakaiswa mumoyo... Munhu wose ari MuKristu chaiye, akaberekwa patsva nhasi, anoziva kubva achiri mwana mudiki kana musikana mudiki, maiva nechimwe chinhu chaiva nenzara yaMwari. Uye wakaedza kuva nhengo yekereke nezvimwe zvose; hazvaizoshanda. Chaiva chii? Raiva Shoko iRoRo. Wakanga uchivhima sefa, uye rimwe zuva yakapenya pamberi pako; wakaona Jesu Kristu Asingashandiki zero, nhasi, nokusingaperi. Zvakagutsa kuravira,

maona. Nekuti hupenyu hwaive mauri hwaikweva. Maona, hupenyu huri mauri huri kukweva; hwakaiswa... inotaura chishuwo chaurinacho umu. Uri kukweva... Haukwanise kukweva nepakati peizvi, nezivo, nezvimwe; unofanira kuwana sefa chaiyo, nokuti uri munhu anofunga, maona.

Kana uri munhu anofunga, wakatemerwa, kana kuti wakasefwa nheyo dzenyika dzisati dzavambwa.

74 Uye kana mushumiri wesangano akanzwa izvi, ndinovimba kuti achatora sefa yemunhu anofunga, kana ari mushumiri wesangano. Zvino achakandira pasi chitsama chesangano chichaparara zvirokwazvo, nokuti ishoko remunhu, ogamuchira Shoko RaMwari Rakasefwa Risingakundike kana kupfuura, uye Rinoenderana nekuravira kwemunhu mutsvene. Uye saJakobho, achapira nyika yose nezvishuwo zvesangano rose kana mukurumbira uri munyika, paunogona kuva bhishopi, kadhinari, ungave uri mukuru wehurumende, kana mufundisi weimwe kereke huru; uchapira zvole zviripo. Kwete saEsau kuti ave chikamu cheniyika, asi saJakobho, uchapa zvole zvaunazvo kuti uwane hudangwe, sefa yemunhu anofunga; nokuti zvichakupa kuravira kwemunhu mutsvene. Uye ichagutsa.... Zvino ichange ichigutsa uye ichatsvenesa nokuravira kusingaperi kwekunaka kutsvene kwaMwari.

75 Rangarira, Satani akabaya buri rekutanga mupfungwa dzaEvha ... kana kuti mukufunga kwake, kuti kuravidza kwehuchenjeri hwake neruzivo rwake zvipinde.

Zvino, funga izvi; ndava kuvhara. Satani akaboora buri rekutanga, nokuti chaaigona kukweva bedzi iShoko. Waiva Mweya kubudikidza neShoko RaMwari, nokuti akati, "Chero bedzi uchifema nemusefa iyi, haufe wakafa; asi ukafema kunze uku, uchafa." maona.

Zvino Satani akati, "Asi hapana chaunoziva pano, asi ukamboravira izvi pano wobva waziva; uchava saMwari. Maona, anoziva chakanaka nechakaipa; iwe hauzivi. Uye kana mukangoravira zvishoma izvi...." Zvino mudzimai akamurega achibaya buri pairi. Kaburi kamwe chete kadiki.

Zvino, munoona sei ndichiti...? Unoti, "Sei musingadzidzisi madzimai nevakadaro magamuchirirwo ezvipo," nezvimwe zvakadaro?

Ndikati, "Ungavadzidzisa sei svomhu ivo vasingatombodzidzi maABC avo?" Buri rimwe chete diki ndizvo zvazvaitora. Akatora huchenjeri hwenyika; uye pazvakadaro, zvakanzera rufu kumhuri yose, ichida kuravira uchenjeri.

76 Zvino, tarisai sefa, uye zvirokwazvo yakaratidza kuravira kwake. Kuravira kwake kwaiva kwenyika; ndizvo zvaanazvo. Ndizvo zvazviri nhasi: vanoda nyika nezvinhu zvenyika nechimiro chehumwari, asi vachiramba simba racho. Maona? Satani achavabvumira kutaura nendimi; achaita kuti vadanidzire; achaita kuti vave neshumiro yokuporeswa kutsvene; achavarega vachiita zvinhu zvole izvi.

Anoti, "Vazhinji vachauya kwaNdiRi nezuya iroro, voti, 'Ishe, handina here kudzinga madhimoni, handina kuita zvinhu zvizhinji here, kuita izvi?'" Ahati, "Ndaisakuziva, iwe muiti wezvakaipa." Shoko paRakaiswa pamberi pako uye ukaramba uchisveta sefa iya yekare yenyika (maona), zvikanatidza kuravira kwaive mumoyo.

77 Njiva hadzigoni kudya zvakaora. Hadzigoni kuzvidya. Hadzina nduru. Gunguwo rinogona kudya tsanga yembeu senjiva uye rinogona kudya zvakaora segunguwo (maona), nokuti munyengeri. Asi njiva haina kuumbwa sekaitwa dzimwe shiri, chikonzero Mwari AkaZvimiririra senjiva inoburuka kubva kudenga, maona. Haikwanise ... haigoni kumirisana nekunhuwa kwezvakaora. Harisi gora. Chikonzero: haina nduru. Haigoni kuzvizeya. Zvaizoiuraya, kana ikaidya. Uye njiva haitombofaniri kugeza. Muviri wenjiva unobudisa mafuta kubva mukati kuti igare yakachena. Hupenyu huri munjiva; inobudisa mairi mafuta anoita kuti minhenga irambe yakachena. Ndizvo zvakanatitawo MuKristu; mavari mune hupenyu hunovachengeta vakachena. Hwakasefwa.

Oo, cherechedzai! Zvino, tarisai sefa uye zvirokwazvo munogona kuona kuravira kwayo kwezvavari kuita nhasi.

78 Tarirai kereke yechizvino-zvino iyi. Tarisai sefa yavo. Unogona kuona zvavanoda, ugoona zvavanazvo. Rudo.... Vanoda chii? Muzvare Raodhikia, vakananga kukutongwa naMwari... Ndizvozvo. Rudo ... rudo rwekereke nhasi nderweRaodhikia, sangano guru, chimiro chikuru, chinhu chikuru, chakakurumbira, vanhu vakapfeka zvakanaka, vane tsika dzepamusoro, vazere nehuchenjeri, vakazara nadhiyabhorosi, pasi pehunyenyeri hwekereke yechiKristu. Pane izwi rimwe chete rinofanira kunge ririmo: "antikristu"; nokuti zvole zvakanadzidziswa naKristu, vanopesana nezvole. Ndizvo. Zvakangovakwanira kuti vagozvidaidza sokudaro.

Zvino, kana muri vanhu vanofunga manheru ano, muno nokunze munyika iyo ichaendwa nemharidzo iyi, chishuwo chenye chinenge chiri kuravira kweBhaibheri, kwete kuravira kwesangano, nokuti muchatongwa neBhaibheri Rimwe 'Ro, Shoko iRo ndiri kukumbirai kuti usefese munhu wako wemukati. Uye kuramba shoko rimwe chete raRo uye usingaregi munhu wako womukati achipfuura nemushoko rimwe chete iroro, ucharambwa; nokuti munhu haangarami, nokufema, nechingwa bedzi, asi neshoko rimwe

nerimwe rinobuda mumuromo maMwari.

Zvino zvichaunzwa mauri zvakatemerwa, uye kana Ishe Afemera pauri, Mweya WaKe Achamutsa Shoko iRi kuti Rive Remazvirokwazvo, uye uchaona kuti Jesu Kristu haAshanduki zuro, nhasi, nokusingaperi. Oo, ini zvangu!

79 Ibva munharaunda yesangano, boka rezvinamoto. Siyana naro sepakiti iya yefodya mudondo. Ngariore nokuora (isefa isiriyo), ugotora Shoko Rinova Kristu Anopa, Rinotambanuka, nokuchengeta kuravira kwohupenyu husingaperi kumunhu wose anoRitora. Hupenyu husingaperi....

Shoko, kana wakatemerwa, unozviona. Hapana nzira yekuzvivanza nayo kwauri. Unotarisa ipapo woti, "Hongu 'ka, zviri pachena pamberi pechiso changu. Ndaizvitarisa; hezvo zviripo. Ndiri kutarisa pazviri. Ndinozviona. Hezvinoi, Shoko, Shoko Rose, shoko pamusoro peshoko, Rinorarama." Ipapo pane kuravira kwehupenyu husingaperi hwaunoda. Uye paunofema naemu... Chii chinogona kusefwa neimomo, musefa yaMwari? Hapana chimwe kusiya kweMweya, hapana nyika zvachose, hapana kusatenda zvachose. Isefa yaMwari. Uye paunofema nemairi, hapana chinogona kusefwa kusiya kweMweya Mutsvene.

80 Zvino, mune humbowo hweMweya Mutsvene, maona. Kuravira kwemurume kana mudzimai mutsvene. Vanoda kurarama; vakawana hupenyu husingaperi. Uye nekuti Shoko iRi rakamutsiridzwa kwavari, vanorarama. Sefa yemunhu anofunga uye kuravira kwemunhu mutsvene.

Musatore nyika semakambani efodya pasi pehunyeri, asi tora sefa yemunhu anofunga chaiye. Sefa mweya waunofema, chikafu chaunodya. Zvose zvauri, zvifeme kuburikidza neShoko RaMwari, uye uchava nekuravira kwemunhu mutsvene; nokuti zvichabereka izvozvo, nokuti haAshanduki zuro, nhasi, nokusingaperi.

Uye ndinoziva, kunyangwe tiri kana tisiri—ndinotenda kuti tiri... Asi kana tisiri, pane mumwe munhu munyika nhasi ari chikamu chomutumbi waKristu; uye achararama neShoko RaMwari chete, Shoko Rose Rinobuda mumuromo maMwari Rechizvarwa chino chatiri kurarama machiri zvino.

81 Uye handisi kuona apo sangano—namashoko aya ari muBhaibheri zvakajeka akati zvichaitika uye nezvinhu zvichavapo, uye pano tave kugara mariri iko zvino—handioni pazvingave chero chinhu kusiya kweizvi.

Kereke, ndinoona kuti ndinofanira kumira nemi mukutongwa rimwe zuva. Ngazvive kure neni kuti ndimbokutaurirai chisakarurama nokuda kwokukurumbira. Handidi izvozvo. Dai ndaiva nechishuwo changu, ndaizo ... chishuwo changu chomunhu, ndaizatora pfuti yangu ndoenda kusango, ndozvivakira imba yemapango, ndovhima kwehupenyu hwangu hwise. Ndiri kuchembera, nokuneta, nokurezuka, uye ndaneta. Asi handikwanisi kurega. Pane chiri kugaya mandiri. Ndine nhamo kana ndisingatauri chokwadi uye chokwadi chizere. Ndine nhamo kana ndikasamira pano kusvika rufemo rwekupedzisira rwandisiya. Ndinofanira kumira, zvisinei kuti mumwe munhu anoti kudini; ndine mungava pamberi paMwari.

82 Uye ndinotenda zvirokwazvo kuti zvinhu zvatiri kuparidza ichokwadi. Kwete nekuti ndini ndinoriparidza. Kwete, hama yangu. Kwete, changamire. Mwari Anoziva moyo wangu. Ndinoda kugara muungano kuti nditeerere kuparidza kwevakazodzwa. Zvingava nyore sei kwandiri. Zvirokwazvo! Nokuti ndaizova nehupenyu husingaperi semunhu ari papurupiti. Ini ndiri chikamu chazvo zvakafanana nezvaari. Ndaizoenda kudenga rimwe chete, ndine ropafadzo dzakafanana. Zvingava nyore sei kwandiri kuti ndigare kunze uko uye ndisatora mavanga ose aya, nokurohwa, nokuenderera mberi. Zvingava nyore sei. Nekuti kunze kuno husiku hwese pasina kuurara, awa nehafu kana maawa maviri ndichiita mutsimba husiku hwese nezvinhu zvinouya. Zvaizove nyore sei kuti ndiite izvozvo, ndotore pfuti yangu mangwanani anotevera, chiredzo changu ndoenda kundoredza kana kundovhima. Zvingava nyore sei! Asi hama, zvakandiwira. Dai Mwari Andibatsira kuti ndisambosiya basa rangu, asi kuti ndimire ndakatendeseka uye ndiri pachokwadi uye ndikubudisirei sefa yemunhu anofunga inokupai kuravira kwemunhu mutsvene.

Sefa yemunhu anofunga imvura dze ... mvura dzepatsanuro. Kucheneswa kubva kuchivi, rinova Shoko RaMwari. Zvino munhu anofunga, munhu anoziva kuti anofanira kumira pamberi paMwari, anoziva kuti anofanira kupindura paShoko Rose ReBhaibheri; zvinogutsa kuravira kuri mumoyo mako. Dai Mwari Atibatsira kuti tigamuchire tichikotamisa misoro yedu.

83 Mwari Anodikanwa, imwe awa kana mbiri dzapfuura. Wachi yapota zvino. Mharidzo zvino yapinda munhorondo, uye yakanyorwa mubhuku. Tose tinofanira kuzopindura zvino pamusoro peizvi, kufamba kwese kwatakaita, shoko rose ratakataura, pfungwa yose yakapinda mupfungwa dzedu; rekodhi ichiri kufambira mberi. Uye icharamba ichirira kusvikira hupenyu hwaperi, uye tozopindura pazuva rekutongwa.

O Mwari, Musiki Mukuru Wedenga nenyika, Watinotenda, ndinonamatira vanhu ava vanhasi. Ndinozvinamatira navo, kuti, Ishe Jesu, kuti Mubate sefa yeNyu. Uye kana ndiri kutaura chimwe chinhu chinomhura, Ishe, mumoyo mangu handizvizivi. Ndinonamata kuti kana zvakaipa kwandiri kuti nditore

Shoko ReNyu uye ndoshandisa chinhu chakadaro, Mundiregerere nokuda kwazvo.

84 Asi Ishe, ndakafunga paMakataura neni musango—Munoziva nguva namangwanani acho—zvakananga... Handina kukwanisa kuzvibvisa mupfungwa dzangu. Ndakaigamuchira seinobva kwaMuri. Naizvozvo Mwari Baba, ndakazvitaure kare, uye ndinonamata, Mwari, kuti Muzviite nenzira yandaifunga kuti ive, kuti munhu anofunga, munhu kana aine chero kufunga, anozoziva kuti anofanira kumira muHupo HwaMwari, uye haapinze mumunhu wake wemukati chero chinhu chinovibisa kana chinopesana neShoko RaMwari.

Uye Baba, tinoona kuti sezvandakazvienzanisa nemasangano anhasi, kwete kuti tisiyane, Ishe... Muchanditunga rimwe zuva kubva pamoyo wangu. Uye ndinonamata, Mwari, kuti Muone kuti zvanga zvisiri zvekusiyanana, asi kwaive kutaura chokwadi, kuedza kuperera, ndichiziva kuti ndakabata muruoko rwangu kutengwa kweRopa ReNyu kubva mamwe mahombekombe kuenda kune mamwe. Uye vazhinji vavo vakatenda mushumo wacho.

Uye Mwari Wekudenga, dai pasava nemumwe wavo akarasika. Ndinovatora vose uye ndakabata pamberi pavo sefa inobvisa kuchivi, mvura yepatsanuro, Ropa RaJesu Kristu, Shoko Rakaitwa nyama. Zviitei, Ishe, uye dai Mweya Mutsvene Adurura nemuvimbiso yese mumunhu wedu wemukati, uye dai tive vimiriri vapenyu vemwenga waJesu Kristu munguva yemeso, yekuona muchiedza chemanheru, nokuti tinozvipira kwaMuri nemuZita RaJesu Kristu. Amen.

85 Munomuda here? Munozvitenda here? Kana ndataura chimwe chinhu chakaipa nokutaura kuti sefa yemunhu anofunga, handichakwanisa kutaura zvimwe. Handina dzidzo; Ndinofanira kungotaura zvinouya kwandiri. Uye pandakazviona zvakanorwa ipapo, ndakafunga kuti, "Mutsara wakadini wehunyeri!" Uye chimwe chinhu chakati, "Sezvinongoita kereke."

Sefa yemunhu anofunga. Oo, ini zvangu! Pane zvinopfuura izvozvo kwazviri. Munhu anofunga haangazvishandise zvachose. Kwete! Uye zvinoda kuravira kwemunhu anoputa (ndizvo), nokuti anofanira kuva nako kuti agutse kuravira kwake. Asi munhu anofunga chaiye anoziva kuti munhu wake womukati uchatongwa achasefa kuravira kwake nemuShoko RaMwari, "Nokuti vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiRi." Uye achararama neshoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo maMwari, rinova mvura dzepatsanuro, inotipatsanura nechivi. Nokuti kana zvauya nemuShoko, tinoona kuti chivi kusaRitenda, naizvozvo tinongozvitenda toenderera mberi

Kupatsanurwa nechivi. MunoMuda here?

NdinoMuda, ndino..... (Ngatingo simudza maoko edu zvino kwaAri.)

Nokuti Akatanga kundida.

Ndokutenga ruponeso rwangu.

Pamuti weKarivhari.

86 Akati chii? "Izvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vangu, kana muchida ... muchiva norudo mumwe kune mumwe." Zvino, ngatikwazisanei nemumwe munhu patinenge tichiimba zvakananga toti, "Ndinokudawo, hama."

NdinoMuda, ini (Izvi kukuzivisai kuti....)

Nokuti Akatanga kundida.

Akatenga ruponeso rwangu

Pamuti weKarivhari.

87 Munoda sefa yemunhu anofunga sei? Pauchaenda mumugwagwa kunokweshana maoko nenyika mangwana, hama, hanzvadzi, une sefa yemunhu anofunga here? Kana murume iyeye akakudaidza kuti mutsvene anoumburuka, unoshandisa sefa yemunhu anofunga here? Kana mumwe munhu akataura chimwe chinhu chakaipa pamusoro pako, une sefa yemunhu anofunga here? Tarirai, tsivai chakaipa nechakanaka. Namatira avo vanokushandisa zvisina kunaka neavo vanokutambudza, unenge uchifema nemusefa yemunhu anofunga.

88 Nokuti kana muchida avo vanokudai bedzi, sezvatakakwazisana maoko navadikamwi muna She, zvakanaka, asi nemi 'vo mungada vasingadiki; ndiyo sefa yemunhu anofunga; Ndiwo Mweya WaKristu Uri mamuri: idai vasingakudii; ipapo muchawana mubairo waMwari. Asi zvino, kana mukazviita sebase, hamusati mawana munhu anofunga... unongova muchikamu chechipiri. Asi kana muchimuda kubva mumoyo menyu, zvino muri kufema nemusefa yemunhu anofunga, zvino zvinogutsa kuravira kwemunhu mutsvene, kuti unoziva kubva pamoyo wako kuti unoregerera munhu wose, zvose, zvisinei kuti chii chakaitika. HaAshamisi here?

.....wakatanga kundida
 Akatenga ruponeso rwangu
 Pamuti weKarivhari.
 Tichafamba muchiedza; chiedza chakanaka;
 Rinouya panodonha dova retsitsi rinopenya;
 Tipenye kumativi ose masakati nousiku;
 Jesu chiedza chenyika.
 Tichafamba muchiedza ichi; chiedza chakanaka;
 Uye chinouya apo (Yasefa!) panopenya madonhwe edova esitsi.
 Penyerai kumativi ose masakati nousiku;
 Jesu chiedza chenyika.
 Uyai mose vatsvene vechiedza muparidze;
 Jesu chiedza chenyika;
 Ipapo mabhera edenga acharira;
 Jesu chiedza chenyika.
 O, tichafamba muchiedza;
 Chiedza chakanaka kwazvo;
 Chinouya panodonha dova retsitsi anopenya;
 Oo, vhenekera kumativi ose masakati neusiku,
 Jesu chiedza chenyika.
 Unoda izvozvo?
 O, tichafamba muchiedza ichi; chiedza chakanaka kudaro;
 Uye chinouya pane madonhwe edova etsitsi akajeka;
 Tipenye kumativi ose masakati nousiku;
 NdiJesu, chiedza chenyika.
 Ndinongoda izvozvo.
 Kutenda kwangu kunotarira kwamuri,
 Imi Gwayana reKarivhari, Muponesi mutsvene!
 Ndinzwei zvino pandinonyengetera;
 Torai zvivi zvangu zvose.....
 (Ndisefei, Ishe, nemuShoko!)
 Ndiregei kubva nhasi ndive weNyu chose!
 Chimbofunga nezvazvo! Kusefwa nemuShoko, ReNyu Rose.
 Ndichifamba murima rehupenyu,
 Uye nhamo dzakandikomberedza;
 Nditungamirirei;
 Itai kuti rima rive masakati.
 Pukutai kutya kweshungu,
 Kana kundirega ndichirasika

Kubva kwamuri parutivi.

[Hama Branham vanotanga kuhon'era.]

.....kumoyo wangu wapera simba,

Kushingaira kwangu kunomutsa;

Itai kuti rima rive masakati.

Pukutai misodzi yeshungu.

Ndiregei kubva nhasi ndive weNyu chose!

89 Mwari Anodikanwa, tinoda kuKuimbirai, nokuti ndipo patinoratidza manzwiro edu, kubatikana kwedu, ungoro yose, paMunofemera patiri Shoko Rohupenyu. Tinotenda zvikuru, Ishe. Murwiyo irworwo, tigamuchirei, Mungadaro here, Ishe. Ndicho chishuwo chedu, kusefwa neShoko RaMwari, kufamba zuva rega rega muchiedza, chiedza cheEvhangeri.

Uye zadzai nzira yedu zuva nezuva nerudo.

Sezvatinofamba nenjiva yokudenga.

Ngatiendei nguva dzose,

Nerwiyo nokunyemwerera;

Zadzai nzira yedu norudo zuva nezuva.

Zviitei, Ishe. Tiropafadzei pamwechete zvino. Nyasha netsitsi dzeNyu ngadzive nesu. Podzai vanorwara nevanotambudzika munyika yose.

TinoKutendai nokuda kweHama Coggins manheru ano, kuti Makavarega vachibuda muchipatara kuti vaende kumba vakapora. Tinokutendai nezvinhu zvose zvaMakaita, uye nesimba redu ratinonzwa kusimudzwa zvino.

90 TinoKutendai nemharidzo yekudimuka-dimuka manheru ano, Ishe. Handina kuzviita nemazvo, asi ndinonamata, Ishe, kuti Muzvigadzirise mumaziso evanhu, kuti vaone uye vagoziva kuti zvairevei. Wanai mbiri kubva mazviri, Ishe, uye dai tive nokunzwisisa uku, kana pasina chimwe, kuti tirarame nechingwa cheShoko RaMwari, chakasefwa kubva kuna Mwari nokuda kwevana vaKe chete. Iungano yakatsaurwa. Hazvisi zvemumwe munhu. Ndezveavo chete, vasanangurwa veNyu, setsiru dzvuku... mvura dzepatsanuro dzaive dzeungano yaIsraeri chete. Naizvozvo Baba tinoziva kuti chingwa ndechemakwai chete. "Hazvina kunaka kuti Nditore chingwa chevana Ndikandire kuimbwa," Akadaro Jesu. Uye mudzimai akapindura akati, "Hongu, Ishe, ichokwadi, asi ndinoda kutora zvimedu." Uye tinonzwa saizvozvo manheru ano, Ishe. Tinoda zvose zvaMunogona kutipa, Baba, nokuti tine nzara nenyota zhinji neMi.

Itai kuti nzara dzedu dzigutswe uye zvishuwo zvedu zvizivikanwe, nokuti, Baba, tinoda kuva nechishuwo chemunhu akarurama. Zvino munhu akarurama aiva Jesu Kristu, uye chishuwo chaKe chaiva chokuita kuda kwaBaba, raiva Shoko. Tipeiwo, Baba. Tinozvikumbara muZita RaKe. Amen.

Ngatisimukei zvino tichiimba rwiyo rwedu rwekuparadzana rwe"Tora Zita RaJesu Newe."

91 Kunze munzvimbo dzaenda mharidzo manheru ano, dai Mwari Ava nemi zvino patichabuda mumunamato. Dai mumwe nemumwe wenyu kunze uko... Ndinovimba maropafadzwa nekuteerera sezvandaiunza kwamuri. Uye ndinovimba kuti Mwari Achazviisa mumwoyo yenyu nokukupai dudziro yakanaka kwazviri.

Imi vanhu vari muungano mune mahengechepfu akaiswa pano, ndaturika maoko pamusoro pawo. Ndinonamata kuti Mwari Akupodzei mose; hapazovi nevanorwara pakati pedu, kuti vaone kuti Mwari Wedu Anopindura sei munamato.

Patinoungana pamwe chete, "Vanhu vanodanwa neZita RaNgu vachaungana pamwechete kuti vanyengetere, zvino Ndichanzwa kubva kudenga!"... Akavimbisa kuzviita.

92 Naizvozvo hatina kuparadzaniwa; tiri munhu mumwe chete. Tese tiri vamwe muna Kristu Jesu. Uye mumwe nemumwe, anamatire mumwe nemumwe. Munondinamatira sezvandichakunamatirai. Uye Mwari Akuropafadzei kusvika takuonai zvakare.

Uye ndinovimba kuti mucharamba muri... imi munogara pano pedyo, muchauya patabhenakeri moshanyira pano nomufundisi wedu akanaka, Hama Neville. Vachakuitirai zvakanaka, Hama Mann nevanhu vakanaka vavanavo muno mutabhenakeri.

Kana muri pedyo neHama Junior Jackson kana vamwe vavo munyika yose, New York nenzvimbo dzakasiyana-siyana dzavanoitira misangano yavo, muArizona nekuCalifornia, shanyirai makereke iwayo kana muri imomo. Tinonamata kuti mudzoke zvakare uye kuti mufundisi akubatsirei kuziva zvakanwanda pamusoro paShe Jesu.

93 Mwari Akuropafadzei zvino tichiimba "Tora Zita RaJesu Newe."

...zita raJesu newe.

Mwana weshushikano nenhamo;

Richakupa mufaro nokunyaradza;

(Hama John, huyai mberi.)

.....unoenda.

Zita rakakosha, (Zita rakakosha,)

Zvinotapira sei! (O rinotapira sei!)

Tariro yenyika nomufaro wokudenga;

Zita rakakosha, rinotapira sei!

Tariro yenyika nomufaro wokudenga.

94 Ndichitarisa pamusoro peungano manheru ano ndichiona Hama Estle Beeler kumashure uko, Hama Palmer, nevakawanda, Hama J. T., nevazhinji vevashumiri vakamira pano, handikwanise kudana mazita avo ose. Ndinoshuva kuti dai ndaita kuti imi mose muri pano uye imi mose mubudise unganano kana kuita chimwe chinhu. Munozvinzwisisa, handizvo here? Ndinoziva kuti mune moyo weChiKristu uye munoziva kuti tinofanira ... zvatiri. Tose tiri munhu mumwe chete muna Kristu Jesu.

Zvino ngatirangarirei ndima inotevera patiri kuiimba apo Hama yedu Martin vachatiparadza nomunamato. Uye ndinoda ku.... Ava ndiHama Earl Martin vanobva, ndinotenda, vanobva kuArkansas, kana Missouri—Missouri—pamutsetse weArkansas-Missouri uko. Vane kereke zasi uko.

Ndaona imwe hama iyi kubva zasi uko, handichagoni kurangarira zita rayo—Brewer. Vanga vari pano mangwanani ano. Ndinofunga vachiri pano manheru ano. Ndinovaona vakamira kuno, Hama Brewer. Ndakavimbisa kuti ndaizopfuura ndichikumikidza makereke avo kakawanda. Ndichasvikako rimwe zuva nerubatsiro rwaShe, sezvandinogona.

Zvino, tichiimba ndima inotevera, zvino.

MuZita RaJesu kupfugama.

Kuwira pasi patsoka dzaKe;

Mambo wemadzimambo kudenga.

Kana rwendo rwedu rwapera.

Ngatiimbei zvino.

Muzita raJesu kupfugama.

Kuwira pasi patsoka dzaKe;

Mambo wemadzimambo kudenga.

Kana rwendo rwedu rwapera.

Zita rakakosha, (Zita rakakosha,)

Zvinotapira sei! (O inotapira sei!)

Tariro yenyika nomufaro wokudenga;

Zita rakakosha, rinotapira sei!

Tariro yapasi nomufaro wokudenga.

Enda nezita raJesu,

Senhovo pamisungo yose; (Teerera ikozvino!)

Kana miyedzo yakakukomberedzai.
(Chii chaunofanira kuita?)
Chingofema zita rinoera mumunamato.
Zita rakakosha, rinotapira sei!
Tariro yenyika nomufaro wokudenga;
Zita rakakosha, rinotapira sei!
Tariro yapasi nomufaro wokudenga.
Ngatikotamisei misoro yedu.
Zita rakakosha, rinotapira sei!
Tariro yenyika nomufaro wokudenga;
Zita rinokosha, (Kubhabhatidzwa mariri, namata mariri!)
Zvinotapira sei!
Tariro yapasi nomufaro wokudenga.
Hama Martin!



www.messagehub.info

Mharidzo Na
William Marrion Branham
"... mumazuva eShoko ..." Zvak. 10:7